ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№27 (21.685) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 17, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Щынальэ гъащІэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Дэ езыхэр дызрикъун къэдлэжьыжын хуейщ

- ИУЖЬ илъэсиплІым Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр хэпщІыкІыу ефІэкІуащ. 2005 гъэм республикэр ирихьэлІат сом мелард куэд щыхуэу хуэзэрихьауэ, абы бюджетым ирипсэу щыхуэхэм улахуэр и чэзум яритыфыртэкьым. Республикэм процент 70-м нэскІэ ельытат ищхьэкІэ къыщыхуаутІыпщ ахъшэр. Абы къыщыщІбдзэу илъэсхэм уакъыдэбжэмэ, 2009 гъэми ди деж кризисыр щытепщауэ къэплъытэ хъунукым, ди экономикэм зэрызиужь псынщІагъым зымащІэкІэ кІэрыкуэ пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и зэфІэкІым хохьэ. 2010 гъэм ди бюджетыр сом мелард 20 мэхъу. Ди мурадщ дотацэу къытхуауатІыпщкІи процент 54-м къыдгъэкІыу 45-м нэскІэ етхуэкІыну. Абы къыдэкІуэу республикэм тель щІыналъэкІуэщ щыхуэр догъэмащІэ, Іэнатіэщ Іэхэр къыщыдэлудох, псэухэр егъэфІакІуэным егъэщІылІа Іуэхуэхэри ди деж щыІэфІагъэкІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, щыхуэхэр къезышэкІ автомобиль транспортым зегъэужькІи, къэралпсо, щыпІэ мыхьэнэ зиІэ гъэзэхуэр хуэхэм я лъэныкъуэкІэ.

Кризисым и бжьым дыкъыщІэкІын мурадкІэ, нэгъабэ зэфІэдгъэкІаХэм я фІыгъэкІэ, лэжьапІэншэхэр щыхуэмылъ нэскІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Республикэм и пэжыпІэкІэ, щыхуэ щателькьым лэжьапщІэкІэ. 2009 гъэм курыт лэжьапщІэр сом 10946-рэ хьуащ. Ар процент 1,2-кІэ нэхъыбэщ ипэ ита ильэсым ельытауэ. Егъэджэныгъэ, узынщагъэр хуэмэн Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ Іуэхушхуэ зыбжанэ зэфІагъэкІащ. Мыбдеж щІэтэжьуэн кьытхуэхьу апэ ягъэщыпхьэ лъэпкъ проектхэр зэрыдгъэзащІэр. Ди щІыналъэм сабийуэ къыщалъхуэ я бжыгъэм хэхьуащ.

Дэ кьыдгуроІуэ зэдгъэхьулАхэр ди зыужьныгъэм и гъуэгум щытча апэ лъэбакъуэхэу зэрыщытыр, ауэ дыщогугъ УФ-м и унафэщІхэр ди щІэгъэкьуэну зэман гъунэгъу дыдэм республикэм нэхъ псынщІэу зедгъэужьын щІэздзэфыным. Псым уесыхьуурэ, узыпэмыплъа щІыпІэм укъыщыхутэнкІэ хъунущ. Ауэ, пщІа мурадым ткІийуэ ухуэжьуэмэ, ар зэфІэхъуІэфынущ. Дэ дызыхущІэкъур ди бюджетым дрипсэужьыф хьунырщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

●ЩІыналъэ гъащІэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен:

Дэ езыхэр дызрикъун къэдлэжьыжын хуейщ

- ИУЖЬ илъэсиплІым Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр хэпщІыкІыу ефІэкІуащ. 2005 гъэм республикэр ирихьэлІат сом мелард куэд щыхуэу хуэзэрихьауэ, абы бюджетым ирипсэу щыхуэхэм улахуэр и чэзум яритыфыртэкьым. Республикэм процент 70-м нэскІэ ельытат ищхьэкІэ къыщыхуаутІыпщ ахъшэр. Абы къыщыщІбдзэу илъэсхэм уакъыдэбжэмэ, 2009 гъэми ди деж кризисыр щытепщауэ къэплъытэ хъунукым, ди экономикэм зэрызиужь псынщІагъым зымащІэкІэ кІэрыкуэ пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и зэфІэкІым хохьэ. 2010 гъэм ди бюджетыр сом мелард 20 мэхъу. Ди мурадщ дотацэу къытхуауатІыпщкІи процент 54-м къыдгъэкІыу 45-м нэскІэ етхуэкІыну. Абы къыдэкІуэу республикэм тель щІыналъэкІуэщ щыхуэр догъэмащІэ, Іэнатіэщ Іэхэр къыщыдэлудох, псэухэр егъэфІакІуэным егъэщІылІа Іуэхуэхэри ди деж щыІэфІагъэкІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, щыхуэхэр къезышэкІ автомобиль транспортым зегъэужькІи, къэралпсо, щыпІэ мыхьэнэ зиІэ гъэзэхуэр хуэхэм я лъэныкъуэкІэ.

Кризисым и бжьым дыкъыщІэкІын мурадкІэ, нэгъабэ зэфІэдгъэкІаХэм я фІыгъэкІэ, лэжьапІэншэхэр щыхуэмылъ нэскІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Республикэм и пэжыпІэкІэ, щыхуэ щателькьым лэжьапщІэкІэ. 2009 гъэм курыт лэжьапщІэр сом 10946-рэ хьуащ. Ар процент 1,2-кІэ нэхъыбэщ ипэ ита ильэсым ельытауэ. Егъэджэныгъэ, узынщагъэр хуэмэн Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ Іуэхушхуэ зыбжанэ зэфІагъэкІащ. Мыбдеж щІэтэжьуэн кьытхуэхьу апэ ягъэщыпхьэ лъэпкъ проектхэр зэрыдгъэзащІэр. Ди щІыналъэм сабийуэ къыщалъхуэ я бжыгъэм хэхьуащ.

Дэ кьыдгуроІуэ зэдгъэхьулАхэр ди зыужьныгъэм и гъуэгум щытча апэ лъэбакъуэхэу зэрыщытыр, ауэ дыщогугъ УФ-м и унафэщІхэр ди щІэгъэкьуэну зэман гъунэгъу дыдэм республикэм нэхъ псынщІэу зедгъэужьын щІэздзэфыным. Псым уесыхьуурэ, узыпэмыплъа щІыпІэм укъыщыхутэнкІэ хъунущ. Ауэ, пщІа мурадым ткІийуэ ухуэжьуэмэ, ар зэфІэхъуІэфынущ. Дэ дызыхущІэкъур ди бюджетым дрипсэужьыф хьунырщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Кинорежиссер щІэрыІуэ Сокуров Александрэ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбийрэ.

Блокадэ тхылъым дыкъоджэ

●ЗэІущІэхэр

ТЕКІУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъум и щІыкІэ мы гъэм ирагъэкІуэкІ Іуэхугъэщхьэм щыщ зыІуэ мазаем и 13-м КъБКъУ-м и физикэ, математикэ факультетхэм я актовэ пэщышхуэм щызэхэтащ зэІущІэ щхьэпэ - абы къраГъэблэгъат кинорежиссер щІэрыІуэ, УФ-м и Президентым деж щэнхабзэмрэ гъуэджэмкІэ щыІэ Советым хэт, КъБКъУ-м щІыхь зиІэ и профессор Сокуров Александр. ЗІущІэм кърихьэлІаХэр кинорежиссер щІэрыІуэм ирагъэплъащ «Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» зыфІища и лэжьыгъэщІэм.

Фильмым и гугъу пщІымэ, кьыхэгъащІыпхъэщ ар Сокуровым и хъэтІым, и лэжьэкІэ жыпхьэхэм итУ зэрызэхэгъэвар. Ленинград и блокадэр зи нэгу щІэкІахэм я гукъэкІыжхэр щІэзэхуэхэсхэ тхылъыр, абы кьеджэхэр зыбгъэдэса микрофоныр, сТІолыщхьэ уэздыгъэр, уэшхым иуфэнщІами нэпсым щІигъэзнаэр зэфІэкІым фІэкІа химыльхьауэ (апхуэдэущ зэ еплъыгъуэкІэ фильмыр кьиузэрыпщыхуэр) Сокуровым лэжьыгъэшхуэ зэфІихащ. Абы Іэзэу ди нэгу кьыщІигъэуващ зауэ лъэхъэнэм фашистхэм кьаУ-выхьа Ленинград кьалэдэхэм я фэ дэкІамрэ я нэгу щІэкІамрэ. ГукъэкІыжхэм кьеджахэм я нэхъыбэр Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр езыхьэкІ, ныбжькІэ зэхуэмыдэ щІыху щІэзэрыгъэкІэт, Санкт-Петербург щыпсэу артист щІэрыІуэхэм ящыщу абыхэм яхэтащ Басилашвили Олег, Филозов Альберт, Барковский Сергей, Черняк Михаил, Костецкий Виктор, Мариинскэ театрым и солист Скороходов Сергей, виолончелист Словачевский Владимир сымэ, нэгъуэщІхэри. Блокадникхэм я гукъэкІыжхэм кьеджахэм яхэтащ ди лъахэгъу КъБР-м и лІыкІуэу Санкт-Петербург щыІэ, «Saralp Gallery»-м и унафэщІ Сэралъп Альберт.

Суворовскэ училищэм и гъэсэн ныбжьыщІэхэр, школакІуэхэр, сабийхэр, тыкуэнтетхэр, инженерхэр, журналистхэр, усакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, Ленинград и блокадэр зи нэгу щІэкІа нэхъыжьхэр кьеджэрт гукъэкІыж гуузэхэр щІэзэхуэхьэса тхылъыщхуэм. ИкІи дэтхэнэми, я нэгур зэрызэмыщхьым хуэдэу, фокІэ кьаІуатэ гурыщІэхэри зэтехуэртэкъым. «...ТхьэмрэфІыщІэкІэ мы щІымахуэр итыхьащ хъыджэбэ нэхъыжь щІыкІур лІати. Абы и карточкэхэр кьытхуэсэбэпащ адрей сабийхэр мэжэщІалІагъэм имыхьымыкІэ...», «Бадаево кьрахыу щыта щІыр апхуэдизкІэ Іэфпи, нобэми ар си Іуэм ильщ шэ щІэмыкум кьыхаха кІуэйльалъэ ЦІынэм хуэдэу...», «ЦІыкум абы щыгъуэ ягъуэту ямышхар уКІуэдыж! МэжэщІалІагъэм нэхърэ нэхъ «пщацфІэ» Іэзэ щІэкъым, жаІэкъэ?! Танкэр мыульиин щхьэкІэ щахуэу щыта щэ дагъэ фІыщІэжьыр, пхъащІэ шхэпскІэ гъэва жэмыфэр...», «Си акъылыр игъэтхъуэу, сызригъэдэІуэну пІылъу си жыІащ «кьыздрысщІихьэм», кьыстекІуэнкІэ сигъэшынэу мэжэщІалІагъэр кьыззрызэнкьуэкъым щІыхуэ сэфэтым среху. Ар дауэ - шхэн щхьэкІэ щІыхуэр кьыщІигъэщІар? Ерыскъым и закъуэ мы дунейм фІыгъуэу телльыр? Философиер, гъуэздджэр, литературэр щыІэжкъэ?..», «Нэхъапэки иужькІи сэ зэи слъэгъуакъым щІыхуэ апхуэдэу зекІуэу. Блокадэр зыгъэзнэхуа кьалэдэсхэм я зекІуэкІэр ешхьт жьапщэм пэщІэту кІуэм...» ЩІакхъуэ гъуа дзакІэм щхьэкІэ щІыхуэр хьиим икІыу, ар кьызыщамыгъэщІыну хущІэкъуэрэ щыту загъаІэу зэрыщытар, щІыхуэм и мардзхэм кьрубудэмрэ абы ебакъуэмрэ зэрызэщхьэщІкІ лІэужьыгъуэхэр, хэкІыпІэ зимыІэж щІыхуэм фІыуи Іейуи кьыльыкуэкІынкІэ хъунур зэрыгъуэнапкъэншэр сыхьэтрэ ныкъуэрэ фІэкІа мыхъу фильмымкІэ кьигъэпъэгъуащ кинорежиссер зэчиифІэм.

- Мы фильмым хуейр щымыІэжхэракъым, атІэ нобэ псэухэрщ, - жиІащ презентацэ нэужьым Сокуров Александр кьызэхуэсахэм, псом хуэмыдэу ветеранхэм, фыщІэ яхуищІурэ. - Нобэ фи пащхьэ кьитхьа фильмыр апэ дыдэу Санкт-Петербург щыдгъэпъэгъуащ, бзэ зыбжанэкІэ зэрадзэкІауэ Европэ кьэралхэми щагъэпъаГъуэ, ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, Урысей телевиденэм и центральнэ каналхэм кьатыну «Іэмал щІэкъым». Дауэ щымытми, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ мыпхуэдэ фильм дунейм кьытехьэныр зэрымыщІэкІэ кьызэрымыхьуар, кІуэрыкІуэм тету зэрыдмыщІар. Мы лэжьыгъэмкІэ дэ дыхуеящ ди лъахэгъуэмрэ лъэхъэнэгъуэмрэ я зэхэщІыкІыр, гущІэгъур, нэгъуэщІ гурыщІэфІхэр кьэдгъэушыну. Блокадникхэм я гукъэкІыжхэм кьеджэну щІыхуэр кьыщыхэсхым, сэ нэхьыбэу зытезгъэщІар зи дуней еплъыкІэр, Іуэху бГэрдыхьэкІэр, щэнхабзэ кьэуныр сысейм нэхъ кьытехуэ щІыхуэхэрщ.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Сурэтым: **Мухортовэ Марнерэ Троньков Максимрэ къахуэхьа ебланэ увыпІэмкІэ, даун, арэзыкъым.**

●XXI Олимп Джэгуэхэм

Нэхъапэм зэи медалыншэ мыхъуауэ

Ванкувер щекІуэкІ Олимп Джэгуэхэм я етІуанэ, ещанэ махуэхэр ящэм нэхъыбэ нэхъ Іенжу къыщІэкІащ - абыхэм Урысей Федерацэм и спортсменхэм зы медали къащыхуэхьакъым.

МАЗАЕМ и 14-р Франджым и ІутІыжьыгъуэу щытащ – абы и лІыкІуэхэм дыщэ медалу тІу зыІэрагъэхьащ. ЦІыхухъуэхэм биатлонымкІэ километрипщІ зи кІыхьагъ гъуэгуанэр къыщажьым **Же Венсан** пэлъэщІ зэхьэрхуэрэгъуэхэм кьаХэкІакъым. Куэд дыдэкІэ дызыщыгугъа ди хэкуэгъуэхэр, уеблэмэ, медалхэм пэгъунэгъу хъуакъым икІи абыхэм я нэхъыфІ дыдэ **Черезов Иван** хуэбыдар епщІанэ увыпІэрщ.

ЦІыхухъуэхэм я двоеборьем зэфІэкІ ин къыщигъэгъуащ франджы спортсмен **Лами-Шаппюн Джейсон**. Дыдейхэм я нэхъ пЛэщІ 42-нэщ.

Олимп чемпионэр Ванкувер къыщыгъэщІынымкІэ хэгъэгушхуэм гъунэ иралъащ. ЦІыхухъуэхэм фристайлымкІэ я зэпеуэм Канадэм и лІыкІуэ Билодо Александр щытекІуащ.

ЛъэрыжэкІэ цІыхубзхэр километрищкІэ щызэдэжэм Чехием ипэ дыщэ медалыр кьыхуихьащ **Сабликовэ Мартинэ**. ЦІыхухъуэхэр ІэжьэкІэ бгым къыщежэхьи Германием икІа **Лох Феликс** зыри пэлъэщІакъым. Медалыншэу кьэзымыгъэзэжьыну дызыщыгугъа Демченкэ Альберт еплІанэщ.

XXI Олимп Джэгуэхэм я ещанэ махуэр хуабжьу ахуэгъуэрлащ Швейцарием и спортсменхэм. Абы икІа **Дефагэ Дидьерэ Колонья Дарнорэ** дыщэ медалхэр кьахьэхуащ. Ящэр цІыхухъуэхэм бгы лыжэмкІэ я зэпеуэм щытекІуащ, етІуанэр лыжэмкІэ километр 15 къыщажьым псоми ефэкІащ.

Километри 10-р лыжэкІэ кьызэнэхЫнымкІэ цІыхубзхэр щызэпеуэм **Каллэ Шарлоттэ** (Швеце) псом ящэ къэсащ. Кореем щыщ **Мо Тае Бум** лъэрыжэкІэ метр 500-р зыри кьыльэщІэмыхьэу кьызэринэкІащ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Ванкувер етІуанэ дыщэ медалыр къыщахьащ. Ар зи фІыгъэр щІыхухъуэм сноубордымкІэ я зэпеуэм щытекІуа **Уэскот Сэтти.** Китаим щыщ зэщхьэгъусэхэу **Шэнь Сюэрэ Чжао Хунбор** лъэрыжэкІэ фигурнэу кьэжьхьынымкІэ ди къэралым илъэс 46-рэ хъуауэ Іэщ Іэльэ тепщэныгъэр ІэщІахащ. Совет Союзыр а спорт лІэужьыгъэмкІэ Олимп Джэгуэхэм 1964 гъэм зэрыхьыхэрэ зэи къыщІэхъуэтэкъым дыщэ медалхэр къамыхьауэ. Иджы, уеблэмэ, ещанэ увыпІэм нэсыфакьым. Иджыблагъэ Европэм и чемпион хъуауэ Ванкувер кІуа **Кавагути Юкэрэ Смирнов Александрэ** медаль зратынухэм ятпэгъунэгъу дыдэу кьызэтеувыІащ. Адрейхэм нэхъ Іейжу зыкьагъэльэгъуащ.

Аращи, XXI Олимп Джэгуэхэм и апэ махуищым кьытхуахьар зы жэз медаль закъуэщ. ЯІэ екъуІэныгъэхэм теухуауэ ирагъэкІуэкІ командэ зэпеуэныгъэхэм Урысей Федерацэм иджыпсту щиІыгъыр епщыкІуныгъэ увыпІэрщ. Апхуэдэу мыхьэнэншэу ди къэралым икІахэм нэхъапэм зэи Олимп зэхьэзэхуэхэр кьыщІадзакъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.



ДУНЕЙМ ИМЫГЪЭКІУЭ

Зэдащ Іэн ягъуэтынущ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Адыджым хамэ къэрал Іуэхухэмкі Іэ и министр Папандеу щыІуущІам жриІащ:

- Хуабжьу си гуапэщ ди, зэрыцІыхуныгъэр икІи Адыджымрэ Урыгеймрэ я зэхуущытыкІэм, Іуэху зэдэщІэкІэм нэхъри зауэжьыну сыщогугъ.

Къэщ Іэм къыхигъэщащ Москварэ Афинрэ я экономикэм яхуэщхьэпэн Іуэху куэд зэрыгъэдащІэфынур.

Жьапщэр хыхьэжри

Батуми къыщыхъуа мафІэсым зеубгъу. Ар яхуэгъэункІыфІкъым, жьышхуэ къопщІри. МафІэр щыета щІыпІэм и гъунэгъу къуажэм щыхуэхэр къыдагъэІэпэхъукІ.

ИджыпстукІэ мафІэм щІы гектари 150-рэ Іисраф ищІащ, мафІэсгъэункІыфІхэр пэмылъэщурэ. МафІэсым щхьэусыгъуэ хуэхъуар зыгуэрым ищІа мафІэ цІыкІур имыгъэункІыфІыжу зэрежьэжащ.

Насыпыншагъэ

Фин псыдэльэдапІэм кхъухьитІ щызэжьэхэращ.

Тенджызым тету насыпыншагъэ къызыщыщІхэм ядэІэпыкъу Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Белов Леонид зэрыжиІамкІэ, «Магдаленэ» «Sea Nordic» кхъухьэр зэжьэхэуэныр къызыхэкІар тенджызыр тещтыкІауэ, кхъухьхэм зекІуапІэ зэрамыІэрщ.

- Езы кхъухьхэм сэкъатышхуэ ягъуэтащ, ауэ цІыху хэкІуэдакъым, - жиІащ Беловым.

♦Гуапагъэм и махуэщ.

♦КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, экономист, педагогикэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Къумахуэ Башир** къыщалъхуа махуэщ (1923-2006 гъэ.).

♦**Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 51-м, къуэлэжьнуф сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 35-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 44-рэ.**

ПІанэпэр зыгъэхъэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узыщымысхьри уимыІэхъэри зэхуэдэщ.

Узыншагъэр ягъэнэхъапэ

АДЫГЕЙ. ***Президент ТхьэкІуашнэ Аслъэнджэрийрэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Натхъуэ Розиетрэ иджыблагъэ щыІащ Мейкъуапэ къалэ дэт диализ центрым.***

- СЫМАДЖЭЩЫЩІЭМ Іэмал куэд кьыдитынущ зи жьэжьей узхэм дадэІэпыкъунымкІэ. Нэхьапэм абыхэм я нэхъыбэм я лъыр нэгъуэщІ щыпІэхэм щагъэхьабзэу щытащ икІи абы куэд гугъу иригъэхьыр. Диализ центрым зыщыбгъэхьужынырр пщІэншэкъым. Апхуэдэу щыхъуакІи щыхуэхэм я узыншагъэм трагъэкІуэда ахъшэр компенсацэу яІэрыхьэжьин щхьэкІэ щІыналъэм медицинэ страховании-кІэ и фондым сом мелуан 57-рэ кьыхэкІынущ, - жиІащ ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий.

Диализ центрым стационар гъуэлъыпІэу 12 щІэтщ, амбулаторнэу щыхуэ 100-м нэблагъэ зы махуэм къриубыдэу къыщащыпытэфынущ. Гемодиализ хуэныкъуэу иджыпсту Адыгеймрэ щыхуэ 82-рэ щопсэу. Центрым абыхэм зыхуэныкъуэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрагъэгъуэтынущ.

Никарагуэм сэлам гуапэ къарех

АБХЪАЗ. ***Никарагуэм и президент Ортегэ Даниэль иджыблагъэ Іущ Іащ Урысей Федерацэм нэгъэущ къэрал Іуэхухэмкі Іэ и министр Сергей Лавров икІи А бхъазымрэ Осетие И пщэмрэ я щыхуэхэм сэлам гуапэ къарихьжащ.***

- СЭ ФІыУЭ кьызгуроІуэ абыхэм ирагъэкІуэкІ бзэнэныгъэр зыхуэдэр. Ахэр сыт и лъэныкъуэкІи Никарагуэм кьыщыгугъ хъунущ. Си фІэщ мэхъу ди къэралым, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ зэхуаІэ зэпыщІэныгъэм дунейпсо зэхэтыкІэм зэхъуэкІныгъэщІэхэр зэрыригъэгъуэтынур, - жиІащ Никарагуэм и президентым.

Лавров Сергей Ортегэ Даниэль и псалъэхэр Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я унафэщІхэм я деж нихьэсыжыну кьыгъэгугъащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Бахъсэн куей

Унагъуэхэр ягъэгуфІэ

-ПСЭУПІЭ кхъахэ- къэрал программэм ипкъ иткІэ, Къубэ-Тэбэ къуажэкум щатащ унагъэ щыІэхэуэну псэупІэ дагъэу. Абы мы махуэхэм щагъэтІысхьажащ зыщІэсхэр жьы дыдэ зэрыхъуам кьыкъэкІыу илъэс куэд ІуандэрэІ гугъу ехъ унагъуэхэр. Сыт и лэныкъуэкІи зэпэщ унэм іэжьыгъэшхэр иращІыІащ, пэшхэр тыншу зэрыхьэнуэ хуэдэу зэпэщытщ, щхьэж и унэр зэрагъэпль котельир щхьэхуащ.

ПСэупІэ зэпэщкІэ зыхуэупсахэм яхэтщ бын зыбжанэ зиІэхэр, зи закъуэу кьэнахэр, илъэс куэдкІэ лэжьакъэр. Гъатхэ дызэрытехьэу унэм и Іэгъуэблагъэхэр щхьэантІагъэхэмкІэ ягъэдэхэнущ, Іухьэпізхэр екІуу зэтес ящІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●ТхылъыщІэ

МафІэм имыса усэхэр

Аращ фІщащр тхакІуэ, щІэныгъэлІ Нало Заур иджыблагъэ кьыдигъэкІа тхылъым.

Кьылышбий Исмэхьил

ТХЫЛЪЫЩІЭМ и хьыбар кІэщІ фхуэтІуатэ ди хабзэщ, ауэ мы зэм тхыгъэ щІыкІукІэ дыщІыззэфІэмыкІынкІэ щхьэусыгъуитІ иІэщ: япэрауэ, мафІэм имыса усэхэр зейр Кьылышбий Исмэхьилщ - Совет властым и зэхэзэхуэныгъэ щытахэм ящІщ зыуэ иджыри кьызэдэсым зи ІуэхущІафэ дыщымыгъуаззэрщ; етІуанэрауэ Гуманитар кьэхъуэныгъэхэмкІэ институтым и щІэныгъэлІхэм я советым и унафэкІэ кьыдэкІа тхылъыр и бжьыгъэкІэ 100-щ зэрихьыри, Кьылышбий зыхуэдар кьэзыщІэну щуейхэм ар яхуэзфІэмыкІынри хэлъщ.

Нало Заур Кьылышбийм хужиІам щІызыгъужьыни кьыкъэкІынкІэ хъунщ, ауэ зэкІэ дэ дызыхуейр иджыри кьэс дымыщыхуа тхакІуэм и гъащІэмрэ и лэжьыгъэмрэ фыщыщІ зэгъуэзэныгъ. Кьылышбий Исмэхьилпрэ ар зыхалъхуа зэманымрэ теухуауэ Налом итхыр гъэщІэгъуэнщ, щыху кьызэрыгъэкІхэмрэ зи тетыгъуэхэмрэ я зэхуэщытыкІэм укІыльалъхьымкІэ, Исмэхьил и цыхугъэу щыта адыгэ тхакІуэ, уэзщІакІуэхэр я дуней дыджым иджыри зэ уэхэпльэжьнымкІэ.

Тхыгъэр гъэкІэщІауэ нобэ тыдодзэ.

(Фыкьыщджеж 3-нэ нап.).

Сэрымейр ягъэлъапІэ

●Щэнхабзэ

Чыристан диным итхэм щІымахуэр ирахужьэжу гъатхэр кьызэрыгъэблагъэу кьадекІуэкІ Сэрымей махуэр ягъэлъапІэу мазаем и 14-м Налшык Абхъазым и утым щекІуэкІащ «Масленицэ зызыубгъуа» зыфІаща зэхьэхэр.

МАХУЭШХУЭРкъыщызэІуахынур сыхьэт 11-рами, пщэдджыжьым жьыуэ пщафІэхэм щадзат мы Іуэхум кьрихьэлІэну кьэщІэхэм папщІэ хабзэ хьуа щхьэныгъуэ зэхуэмыдэхэр ягъэхьэзыру. Псом хуэмыдэу абы щыкуэдт дыгъэм и дамыгъэу кьалъытэ блиныр, Ахэр зэрызэбграхым хуэдэу, цІыхухэм зэІэпахырт тхьэвым кьыхэщІыкІа бзу цІыкІуэхэри.

ЗэІущІэм кьрихьэлІат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ, Сэрымей махуэшхуэм и къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ **Дыщэкі Мадинэ**, республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Фырэ Руслан**, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ядэІэжьэныкъэ щІалэгъуалэ Іуэхуэхэмкі Іэ министр **Пащты Борис**, Налшык къалэ администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Тобаев Хьысыр**, КъБР-м щыпсэу чыристанхэм я дин Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ **Бобыев Валентин**, урысхэм я «Вече» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Канунников Анатолэ**, республикэм и районхэм я кІыІуэхэр, кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ кьикІахэр. Ахэр гуапэу екъуэхьащ кьызэхуэса псоми, дыщыпсэу щІыналъэр ефІэкІуэну, мамырыгъэр щытепщэу щытыну зэрагъапэр жаІэри, сыхьэтищым щІигъукІэ екІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхъыхьэр кьызэІуахащ.

Дэнэ лъэныкъуэкІэ упльэми дрэзжэгъуэмрэ гухэхъуэмрэ щыпІыгъурт, лъэпкъ уэрэд зэхуэмыдэхэр кьыщыІурт, къэфакІуэхэр утыкум итт. Ауэ, зэрыгурыІуэгъэщи, щІэдзапІэ зиІэ дэтхэнэ зыми кІэух иІэщ; зэІущІэр иризэхуащІыжу мэжьым кьыхэщІыкІа хьэнцІэгъуащІэр кьэсЫжащ.

Сэрымейм Налшык щращІэкІа зэхьэхьэм кьыпльэщІэу щытащ тхьэмахуэ махуэм Прохладнэ, Май районхэм щекІуэкІа зэІущІэхэри.

ИСТЕПАН Залиф.

Хуабагъэр зыхуэдизыр дяпэкІи къаГъэлъэгъуэнущ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм гу льатауэ кьыщІэкІынщ Налшык къалэм щыІэ температурэр зэрыхьауэ щытам. 2010 гъэм мазаем и 12-м щІадзэжауэ ар кьыщагъэлъагъуэ «Къбэрдей-Балъкъэр» ВТК къэрал Іуэхущ Іапі Іэм и программхэр къэзыт «Мир» каналым.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ, мазаем и 25-рэ хъуху Іэ тевдзэ зэрыхъунур фигу къыдогъэкІыж.

МазипІым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі Іэ псоми.



Ди индексыр 51531

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэхэм я унафэщIхэм зыхуагъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэр щыубзыхуащ 2030 гъэр къэсыху республикэм стратегие и лъэныкъуэкIэ зегъэужьыным теухуа программэшхуэм. Апхуэдэу диIэщ 2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м игъуэтыну псэуныгъэ-экономикэ зыужьыныгъэм и программэу пIалъэ гъунэгъум тещIыхьари.

2030 гъэм нэс тещIыхьа программэм я лъабжьэщ IэнатIищ: мэкъумэш хозяйствэр, туризмэр, ухуэныгъэм иракъэлIэ пкъыгъуэхэр къыщIэгъэкIыным. Совет Союзыр щыщыIа зэманми республикэр абыхэм фIыуэ ехъулIэрт. Иджы а IэнатIэхэм ди деж инвестицэ мылъкушхуэхэр щрахьэлIэ. АрщхьэкIэ, ахэр иджыри зыхуеинум яхуэдиз хъуркъым. Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым хэт щIыналъэхэм я зыужьыныгъэр зэтезыIыгъэ лъахъэ нэхъыщхьэу щытщ: мыбы инвестицэхэр Iуэхухэм жыджэру зэрыщыхамылъхьэр. Абы къыхэкIыу мыхьэнэшхуэ иIэщ къэралым а лэжьыгъэм щIэгъэкъуэн хуэхъуным. А Iуэхум хуэщIагъэуIуэн хуейщ ищхьэкIэ къикI мылъкури езы республикэхэм я ахъшэри. Дэ ди деж Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ агентствэ къыщызэдгъэпэщащ. Ар егугъуу мэлажьэ. АрщхьэкIэ, нэхъыбэу дызыщыгугъыр Урысей Федерацэм и инвестицэ фондырщ.

КъэралыР хоIэбэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къызэрилъытэмкIэ, инвесторыр мыпIащIэмэ, къэралыр Iуэхум хэIэбэн хуейщ. Абы къыхэкIыу уней, къэрал IуэхущIапIэхэм зрагъэукъуэдийуэ щIадзащ. КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэр ядэIэпыкъуурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и унэтIыныгъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм зрагъэужь, лэжьапIэхэр къыщызэрагъэпэщ. Нэгъабэ и закъуэ республикэм IуэхущIапIэ инхэу пщIым нэблагъэ къыщызэIуахащ.

Агентствэмрэ «ЛВТ» фирмэм ООО-мрэ зэдэIэпыкъуурэ, Шэджэм куейм щаухуащ абджхэкIхэр щагъэхьэзыр заводышхуэ. Абы и фIыгъэкIэ щыпIэм лэжьапIэщIэу 300 къыщызэIуахащ. Мылъкушхуэ ирахьэлIащ «Агро-ком» ООО-м и теплицэхэм, «Борэн щэкI» фабрикэм, «Кариста» фэ заводым, «Консервпром» предприятэм, жыг хадэхэм папщIэ пкъо гъэжахэр щагъэхьэзыр «Базис» ООО-м. Агентствэм и нэIэ тригъэтщ курортым зегъэужьыным хуэгъэпса проектхэми. Инвестицэхэм теухуа «Сочи-2009» дунейпсо зэхьэшхуэм КъБР-м щигъэлъэгъуа проектиблым ящыщу 5-р зытеухуар туризмэм зегъэужьынырщ. Къызэхуэсахэм абыхэм гулъытэшхуэ хуащIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха лэжьапIэщIэхэм ящыщ зым.

Дэ езыхэр дызрикъун къэдлэжьыжын хуейщ

Дэ дызыщыгъуазэр

<u>**2009 гъэм КъБР-м мыпхуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр щызэфIагъэкIащ:**</u>

ЛэжьапIэ 4000-м нэс къыщызэрагъэпэщащ.

Бизнес-инкубаторыр и лъабжьэу Ипщэ Федеральнэ округым щыяпэу Инновацэ центр къыщызэIуахащ.

Псэуныгъэм егъэщIылIа унэхэу 34-рэ щаухуащ: школхэр, сабий садхэр, сымаджэщхэр, спорт залхэр, футбол щыджэгу губгъуэхэр.

Мыбы щолажьэ къэралыр цIыхухэм зэрадэIэпыкъу программэу 30-м щIигъу.

«Анэ щIыхь» медалыр иратыну цIыху 36-рэ щагъэлъэгъуащ. БынипщI, абыхэм нэхърэ нэхъыбэ щапI унагъуэхэу 10-м «Г АЗель» автомобильхэр иратынущ. Сабий етхуанэр, абы къыкIэлъыкIуэр къыщалъху а унагъуэ 250-м ящыщу дэтхэнэми хуэзэу иратынущ сом мин 250-рэ хъу республикэ псэупIэ сертификатхэр.

ИлъэситIым унагъуэ ныбжьыщIэхэу 221-м, апхуэдэу къуажэдэс IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэу 227-м я псэупIэхэр зэрырагъэфIэкIуэну сертификатхэр яIэрыхьащ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэу 23-м псэупIэ сертификатхэр иратащ.

ЛэжьапIэншэхэу 2100-рэ хьэрычэтыщIэ хъуахэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и бюджет зэщIэгъэуIуар зыхуэдизыр сом мелуанхэмкIэ	2005 гъэ	2009 гъэ
Хэхъуэхэр	8 627.70	22 532.30
ХэщIхэр	10 940.20	22 322.20
ВРП	36 833.40	64 437.70
Дотацэхэр (проценткIэ)	70,0	54,4
2009 гъэм IуэхущIапIэу 10 щаухуащ.		

Куршевели къыпэхъунукъым

Iуащхьэмахуэ лъапэ зэи щымыIам ищIэну щхьэпэщ: мыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын Бахъсэн аузым и кууpIэм щыIэщ. Iуащхьэмахуэ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэщ (метр 5642-рэ мэхъу). Туристхэм, альпинистхэм я жэнэту къэплъытэ хъунущ. Апхуэдэу щIыпIэм щыIэщ узыншагъэр езыгъэфIакIуэ нарзан къыщIэшыпIэхэр.

Зы илъэсым махуэ 300-м щIигъукIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ дыгъэр къыщопс. ЛыжэкIэ бгыхэм къыщыбжыхь мэхъу щэкIуэгъуэм къыщыщIэдзауэ накъыгъэм и зэхуэдитIым нэсыху. КъакIуэхэр щрагъэблагъэ хьэщIэщ зэмылIэужьыгъуэхэм. Абыхэм лыжэхэр, бгыхэм къыщажыхьын папщIэ зыхуеину нэгъуэщIхэр ират. КъэжыхьыкIэ зымыщIэхэр ирагъэсэнущ инструктор Iэзэхэм. Мыбы Урысейм и мызакъуэу, къэрал гъунэгъухэм щыпсэу цIыхухэми къэкIуэн яфIэфIщ. Къуршхэм уи зэфIэкIыр здынэсыр белджылыуэ уагъэлъагъуж.

Iуащхьэмахуэ дунейпсо курорт хъуфынущ. КъБР-м и унафэщIхэм къаруушхуэ ирахьэлIэ мы щIыпIэ дахащэм зегъэужьыным.

Нэгъабэ щIадзащ бгыхэм дэзышей кIапсэ гъуэгухэр егъэфIэкIуэным. Азау губгъуэм (Iуащхьэмахуэ) и ипщэрабгъу лъэныкъуэм и щIагъкIэ, иджырей кIапсэ гъуэгу ухуэныр и кIэм щынагъэсащ. «Гара-Баши» станцыр (метри 3,9-рэ и лъагагъэщ). ЯщIа иужь, Чегет Iуащхьэ абрагъуэм зэрыдэкIуеину нэгъуэщI Iэмэпсымэхэри яухуэнущ. А псоми къыдэкIуэу, бгы-лыж э стадион, нэгъуэщI нэгузегъэужьыпIэхэр яухуэ. Мы зэманым Iуащхьэмахуэ лъапэ зэуэ ирегъэблэгъэф цIыху мини 3,5-рэ, ауэ ар щIэдзапIэ къудейщ. Курортым зегъэужьынымкIэ пIалъэ мыкIыхьым тещIыхьа программэм ипкъ иткIэ, мыбы зэуэ цIыху мин 30-м зыщагъэпсэхуф хъунущ. ИтIанэ Альпхэм щыIэ курорт цIэрыIуэхэм мы щIыпIэр зыкIи къакIэрыхунукъым.

Республикэм и унафэщIхэм я мурадхэр къайхъулIэну дыхуейт. Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортыр Урысейм и мызакъуэу, щIыпIэ жыжьэхэми щыцIэрыIуэ хъунут. Кавказ Ищхъэрэр зи дуней щытыкIэр фIы дыдэ щIыпIэхэм хабжэнт. ИтIанэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьэмахуэ лъапэр нэхъ къащтэну къыщIэкIынт мы зэманым «олигарххэм я щIымахуэ хэщIапIэу» цIэрыIуэ хъуа Куршевель нэхърэ.

АНИСИМОВЭ Екатеринэ.
«Комсомольская правда».

Iуащхьэмахуэ лъапэ сыт щыгъуи телъыджэщ.

●Iуэху еплъыкIэ

Зэхуэдэ Iэмал къахузэрегъэпэщ

УФ-м и Правительствэм и гъусэу «Зыуэ щыт Урысей» партым игъэхьэзыра «Сатум и къызэгъэпэщыкIэр къэралым зэкIэлъигъэкIуэным и IузукIэ» Федеральнэ законым мазаем и 1-м къару игъуэтащ. Ар къызэрыщыхъуам нобэ топсэлъыхь:

<u>**Урысейм и щIэгъэкъуэн» жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Къылъшыкъуэ Альберт:**</u>

- «Сатум и къызэгъэпэщыкIэр къэралым зэкIэлъигъэкIуэным и IужукIэ» законыр мыхьэнэшхуэ зиIэщ икIи игъуэщ. Рынокым щытепщэ (монополист) сату компание лъэрыхьхэм я лэжьыгъэр иджы абы иунэтIынущ. Мы законым и фIыгъэкIэ, хуэзэм и лейуэ процент 30-м къыщыщIэдзауэ 70-м нэс зыщIагъу хьэпшыпыфIхэр дяпэкIэ цIыхухэм я уасэмкIэ къахуэщэхунущ, апхуэдэу хьэрычэтыщIэхэми зэхуэдэ Iэмал яIэ хъунущ. КъызэрыслъытэмкIэ, гъэзэщIэн щIадзэмэ, хабзэм къыщамылъыта гуэрхэр сэт ей къэхъунущ. Абы къыхэкIыу, законыр щIыпIэхэм зэрыщыпхагъэкIыну щIыкIэр Iэмал имыIэу гъэбелджылын хуейщ.

<u>**Федеральнэ антимонопольнэ IуэхущIапIэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пщыншэ Къазбэч:**</u>

- Законым и проектым псалъэмакъышхуэ иращIэкIащ. Ар къызэращтар зыфIэмыкъабылхэри щыIэщ. КъызэрыслъытэмкIэ, законыр нэсу убзыхуа хъуакъым икIи зэгъэзэхуэжыныгъэхэр халъхьэжынущ. Ар гъэзэщIэныр антимонопольнэ IуэхущIапIэм и пщэм далъхьащ. Абы къыхэкIыу, дэ къытпэщытщ продукцэр зейхэмрэ ныкъуэдыкъуэ хэм яхь жэуаплыныгъэр къэлъытэн папщIэ, къэпщытэныгъэхэр зэредгъэкIуэкIыну методикэр дгъэхьэзырыну, къэтщтэну, республикэм и сату щIыпIэхэм я щытыкIэр зэдгъэщIэну, иужькIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр тщIыгъуу, а Iуэхум хэт хьэрычэтыщIэхэм дахуэзэу, нэхъ зыгъэпIейтейхэр зэпкърытхыну. Ди къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэр щIыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къытедзэнущ.

Сатум и къызэгъэпэщыкIэр зыунэтIыну законым щэхуакIуэхэм, продукцэр къыщIэзыгъэкIхэмрэ ар тыкуэным езытхэмрэ я хуитыныгъэхэр ихъумэнущ.

<u>**КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министрым и къуэдзэ КIэрэф Мурат:**</u>

- Законыр нэхъыщхьэу зытещIыхьар сату Iуэхур зэIубз щIынырщ, хьэрычэт IэнатIэ цIыкIумрэ курытымрэ дэIыгъынырщ, продукцэ зэмылIэужьыгъуэхэм уасэ зэрыхуагъэув щIыкIэм хабзэ халъхьэнырщ.

УФ-м и щIыналъэхэм я дежкIэ мыхьэнэ иIэщ Урысей Федерацэм и субъектхэм е муниципалитетхэм я мылъкум хыхьэ щIы Iыхьэхэм, унэхэм (ухуэныгъэхэм, псэуалъэхэм) хэхауэ щымыт тыкуэнхэр къызэрыщызэIуах щIыкIэм теухуауэ законым щыубзыхуахэм. А Iуэхур къызэрагъэпэщ щIыналъэхэм, къалэхэмрэ нэгъуэщI жылагъуэхэмрэ хыхьэу зэпIэзэрыту зегъэужьыным теухуауэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм щызэхалъхьа схемэм тету.

Сатум теухуа законым лъэныкъуэхэм я Iуэхур щIэм тету иунэтIынущ.- Ящэм лейуэ хуагъэув уасэр къэралым зэрызэкIэлъигъэкIуэнум ар къыщIэзыгъэкIхэм зэхуэдэ Iэмал къахузэригъэпэщынущ, сатум хэт псоми хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэр ихъумэнущ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

●ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу

Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ

Махуэр махуэм кIэлъыкIуэу 1945 гъэм

МАЗАЕМ И 19-м

Мазаем и 18-м зауэм лIыхъужьу хэкIуэда генерал Черняховский И. Д. и пIэкIэ Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм и унафэкIэ 3-нэ Белорус фронтым и командующэу ягъэуващ маршал Василевский А. М. Генеральнэ штабым и унафэщIу ягъэуващ армэм и генерал Антонов А. И.

ГКО-м 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм теухуауэ къищтауэ щыта унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Иджы Ставкэм хэтщ: СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и нарком Сталин И. В., зыхъумэжыныгъэмкIэ наркомым и къуэдзэхэу маршалхэу Жуков Г. К., Василевский А. М., армэм и генерал Булганин Н. А., генеральнэ штабым и унафэщI, армэм и генерал Антонов А. И., зауэ-тенджыз флотым и Iэтащхьэ флотым и адмирал Кузнецов Н. Г.

Нэмыцэдзэхэм Кёнигсберг и деж щахузэфIэкIащ къалэр къэзыухъуреихьа советыдзэхэм щаIэщIэкIын.

МАЗАЕМ И 20-м

Маршал Василевский А. М. КъуэкIыпIэ Пруссием нэсащ икIи 3-нэ Белорус фронтым и штабым кIуащ, абы и лэжьакIуэхэри зригъэцIыхуащ.

МАЗАЕМ И 21-м

Маршал Василевский А. М. 3-нэ Белорус фронтым и командующэ къулыкъур гъэзэщIэн щIидзащ.

Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ ищIащ КъуэкIыпIэ Пруссием щыIэ Дзэ Плъыжьым и зауэлI псори 3-нэ Белорус фронтым и командующэ маршал Василевский А. М. и IэмыщIэ зэрилъымкIэ.

МАЗАЕМ И 22-м

3-нэ Белорус фронтым хуабжьу зыхуигъэхьэзыру щIидзащ КъуэкIыпIэ Пруссием щыIэ «Ищхъэрэ» нэмыцэдзэм зэребгъэрыкIуэным. А зэманым ирихьэлIэу Гитлер зэрихъуэкIат а дзэм и командующэр, генерал Рендулич Л. и пIэкIэ генерал-полковник Вайс В. игъэуват. Иджы а генералым и унафэм щIэтт нэмыцэ дивизэ 30-м нэс.

КъуэкIыпIэ Померанием щебгъэрыкIуэ 2-нэ Белорус фронтым щIэгъэкъуэн хуэхъун мурадкIэ, Ставкэм а щIыпIэм игъэкIуащ генерал Козлов Г. К. и унафэм щIэт 19-нэ армэмрэ генерал Панфилов А. П. и унафэм щIэт 3-нэ танк корпусымрэ.

МАЗАЕМ И 23-м

1-нэ Белорус фронтым и дзэхэм (маршал Жуков Г. К.) Познань къалэр хуит къащIыжащ.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ, «Нормандие-Неман» авиаполкым и офицер гупышхуэм зауэм щызэрахьа лIыгъэм папщIэ, ди къэралым и орденхэмрэ медалхэмрэ хуагъэфэщащ. «Нормандий-Неман» авиаполкым 1943-1945 гъэхэм бийм и кхъухьлъатэу 280-рэ къриудыхащ, 80-м нэс аэродромхэм щикъутащ.

Главнокомандующэ Нэхъыщхьэм и Ставкэм и унафэкIэ, Прибалтийскэ фронтыр 3-нэ Белорус фронтым гуагъэхьэжащ. Армэм и генерал Баграмян И. Х., маршал Василевский А. М. и къуэдзэ ящIащ.

Тыркум зауэ ирищIылIащ Германиемрэ Япониемрэ.

МАЗАЕМ И 24-м

Фашист Германием и бийуэ Бухарест и гуащIэрыпсэу мин 500-м нэсым зыкъаIэтащ. Радеску зи пашэ румын правительствэм и унафэкIэ, зэуапIэм Iут дзэхэр къыIуашыжри, абыхэм пэщIагъэуващ. Радеску и мурадыр къехъулIакъым, Германиер зыхуейри къикIакъым. Радеску зи пашэ Румын правительствэри трахуащ.

МАЗАЕМ И 25-м

Венгрием пIалъэкIэ щыIэ и правительствэр мылъкукIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну СССР-м и правительствэм къелъэIуащ. 1944 гъэм жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм мазаем нэсыху фашистхэм Венгрием ирашри, Германием ягъэIэпхъуащ промышленнэ оборудованэу, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэу, ерыскъыпхъэу, нэгъуэщIу вагон мин 33-рэ, кхъухь 423-рэ. Совет Правительствэм унафэ ищIащ Венгрием щIыхуэу пенгэ мелуани 100 иритыну.

МАЗАЕМ И 26-м

Венгрием и щIыналъэм фашист Германием и дзэхэм щезауэ Болгар армэм и командующэм 3-нэ Украин фронтым и командующэ маршал Толбухин Ф. И. лъэIукIэ зыкъыхуигъэзащ дагъэгъэсынрэ ерыскъыкIэ щIэгъэкъуэн хуэхъуну. 3-нэ Украин фронтым и зауэ советым унафэ ищIащ а лъэIур игъэзэщIэну.

МАЗАЕМ И 27-м

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и указкIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр, зауэм зэрыхэкIуэдам хуэдэу, къыфIащащ адыгэ танкист хахуэ Мэсей Аслъэнджэрий. Абы и гъащIэр лIыхъужьу щитащ Вислэ псым и деж 1945 гъэм мазаем и 21-м.

МАЗАЕМ И 28-м

Польшэм и 1-нэ армэр фашист Германием зэрезэуэнум хуэхьэзыру ди дзэхэм къакъуэуващ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлиищ.

● Узыншагъэ

Я зэфIэкIым хохъуэ

<u>**Узыншагъэр хъумэным и лэжьакIуэхэр илъэс блэкIам зэрехъулIар къыщапщытэж зэIущIэ иджыблагъэ щекIуэкIащ Аруан куейм. Район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Жамборэ Налжан и къэпсэлъэныгъэр триухуащ сымаджэм и узыр къызэрахутэ щIыкIэмрэ абыхэм зэреIэзэмрэ егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.**</u>

2009 гъэм район сымаджэщым къуажэ амбулаторэ 11 хагъэхьэжащ, километритIым щIигъукIэ абыхэм япэжыжьэ жылищым фельдшер-акушер пункт хэр къыщызэIуахащ, апхуэдэу махуэ стационархэми я лэжьэкIэр зэтраухуэ, ирагъэфIакIуэ.

Район сымаджэщым узым къыхигъэзыхьхэр зрашалIэ и къудамэм амбулаторэ къыщызэIуахащи, абы екIуалIэхэм занщIэу ядэIэпыкъунущ.

«Узыншагъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ илъэс кIуам диагностикэ Iэмэпсымэу сом мелуан 21-рэ и уасэ къаIэрыхьащ, апхуэдэу санитар транспорту 9 иратащ. Район мылъкум къыхэкIыу лъэпкъ проектым сом мелуан 1,2-рэ халъхьащ, Аруан къуажэ амбулаторэм машинэ къыхуащэхуащ.

СОКЪУР Риммэ.

Къуажэхэм нэхъ егъэщIылIауэ

●ЩIэ

<u>**Инвестицэ лэжьыгъэм зегъэубгъуным ехьэлIа Iуэхухэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Май районым щекIуэкIа зэIущIэм. Абы хэтащ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, къуажэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**</u>

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ къыхагъэщхьэхукIащ хьэрычэт лэжьыгъэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэубгъун зэрыхуейр. Абы нэхъыбэу къуажэм зыщрагъэукъуэдиину я мурадщ.

- Жылагъуэхэм я унафэщIхэр хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэмащIэм зегъэужьыным сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн яхуэхъун хуейщ. Дэтхэнэ къуажэми IуэхущIапIэ цIыкIухэр щымыIэу хъунукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ зэIущIэм къыщыпсалъэм куейм и администрацэм и Iэтащхьэ Атаманенкэ Юрий. - Ди районыр нэхъыбэу зыхухэхар мэкъумэш IэнатIэрщ. Абы къыхэкIыу, а къудамэращ псом хуэмыдэу дызэгугъун хуейр.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, мы зэманым куейм щызэхалъхьакIэщ проект 17. Абыхэм ящыщу 7-р гъэзэщIэным яужь ихьакIэщ, адрей 10-р зэфIагъэкIыну я мурадхэм зэкIэ хэтщ. Псалъэм папщIэ, Александровскэ станицэм жэм къашу 700 щаIыгъыну IуэхущIапIэ къыщызэIуахыну я гугъэщ. Гъэшым щелэжьынущ «Ленинцы» мэкъумэш IуэхущIапIэм. Гъавэ зытепщIэ мыхъу щIыхэм щакIуэ IэнатIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ. «Красная нива» мэкъумэш IуэхущIапIэм Iэщу щагъэхъум и бжыгъэм куэдкIэ щыхагъэхъуэнущ «Агро+» ООО-м щIыгъуу. Иужьрейр нэхъ зэлэжьыр хадэхэкIхэр гъэкIынырщ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, а акционер обществэм и фIыгъэкIэ, ди республикэм и щIыпIэ куэдым къыщагъэсэбэп хъуащ ищхьэмкIэ зэпраша бжьамий угъуэнахэм къапыткIу псы ткIуэпсхэмкIэ хадэхэкIхэр зэрызэрахьэ Iэмалыр.

«Ленинцы» мэкъумэш кооперативым щолэжь «Школ гъэш» проектышхуэм. Ар къайхъулIэмэ, Май куейм и школакIуэ псори къэуат зыщIэлъ шэкIэ къызэрагъэпэщынущ. Iуэхум зиукъуэдиймэ, республикэ псор апхуэдэ ерыскъы гъуэзэджэкIэ зэлъагъэIэсыну я мурадщ. А щIыпIэ дыдэм щогупсыс сабийхэм ирагъэшхыну пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIхэмрэ щелэжьыну IэнатIэ къыщызэIухыным.

Октябрьскэ жылагъуэм шы гъэхъуным и Iуэхур къыщагъэщIэрэщIэжынущ. Абы къыдэкIуэу щIыпIэм полимерхэр зыгъэхьэзыр завод, теплицэхэр щаухуэнущ, мыIэрысейхэр щагъэкIынущ. Псори зэхэту цIыху 1500-м лэжьапIэ а IэнатIэхэм щагъуэтынущ.

ЮРЧЕНКЭ Наталье.

●Жыжьэ - гъунэгъу

Япэу яхыхьахэр

<u>**ЦIыхубзхэр сыт щыгъуи жыджэру хэтащ къэралым и жылагъуэ-политикэ гъащIэм. Зауэм и лъэхъэнэм, абы и ужь илъэсхэм гугъуехь куэд абыхэм я пщэм къыдэхуащ. Прокуратурэм и органхэм, цIыхухъухэм ябгъурыту шынагъуэ зыпылъ лэжьыгъэр щрахьэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубзхэми.**</u>

ДИГУ къэдгъэкIыжынщ гугъуу щыта 1930 гъэр. А лъэхъэнэм прокуратурэм къэкIуащ япэ адыгэ цIыхубзыр - **Хьут Нащхъуэ**. Абы бгъэдэлът цIыхухэм зэрадэлэжьэн акъылрэ щIэныгъэрэ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтырт. Илъэс 24-рэ зи ныбжь Щхьэлыкъуэ къуажэм щыщ пщащэм областым и прокурорым и къуэдзэ къулыкъур хуагъэфэщати, и къалэныр пщIэрэ щIыхьрэ иIэу ирихьэкIырт...

Абы и лъагъуэм ирикIуэу бгырыс цIыхубзхэр прокуратурэм нэхъ къекIуалIэ хъуащ.

Махуэ Iэсият 1914 гъэм щэкIуэгъуэм и 5-м Налшык округым (иджы Сэрмакъ къуажэм) хыхьэ Бабыкъуэ жылэм къыщалъхуащ. И адэ Джэфар Бату и къуэр 20 гъэхэм Нагорнэ окружной гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIу лажьэрти, район центрыр здэщыIэ Пятигорск (Псыхуабэ) и унагъуэр и гъусэу щыпсэурт.

Iэсият 1934 гъэм щыщIэдзауэ ВЛКСМ-м и Дагъыстан обкомым щылэжьащ. Куэд дэмыкIыу ар комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым пионерхэмкIэ и къудамэм и унафэщIу къагъэкIуэжащ. И ерыщагъымрэ и IэщIагъэм адэкIи хигъэхъуэну зэрыхущIэкъумрэ къалъытэри, Махуэр Ленинград дэт Сталиным и цIэр зезыхьэ коммунист университетым еджакIуэ ягъэкIуащ. Ар фIы дыдэу къиухри, 1939 гъэм Iэсият КъБАССР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу къулыкъум пэрыуващ. Адрейхэм ар ефIэкIырт и цIыхугъэмкIэ, и щэнымрэ псэ къэбзагъэмкIэ, зыIыгъыкIэмрэ и ерыщагъымкIэ.

Фашист зэрыпхъуакIуэхэр Кавказым къыщихьа лъэхъэнэм Махуэм жэуаплыныгъэ зыпылъ къалэн игъэзащIэрт. Абы и унафэм щIэту Дагъыстаным ягъэIэпхъуэрт цIыхухэмрэ фашистхэм Iэрамыгъэхьэну республикэм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ. Пщэрылъ къыщащIар къэмылэнджэжу зэригъэзэщIам папщIэ, Махуэ Iэсият «Лэжьыгъэм къызэрыщыхъэжаныкIам папщIэ», «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщигъэлъэгъуа лэжьыгъэфIым папщIэ» медалхэр къыхуагъэфэщащ. Зауэ нэужьым абы къулыкъу зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ. Лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа щапхъэм папщIэ «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр къратащ.

Бгырыс цIыхубзхэм япэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зыгъуэтахэм ящыщщ Лэскэн Iуфэ къыщыхъуа, 1937 гъэм Горскэ мэкъумэш институтым щеджа, **Къалэбатэ Наужан**. Абы и IэщIагъэм ирилажьэурэ, абы юридическэ институтри заочнэу къиухащ.

1939 гъэм Къалэбатэ Наужан Куба район прокуратурэм следователу лэжьэн щыщIидзащ, адэкIэ Прималкэ куейм хыхьэ Алътуд къуажэм щыпищащ. 1942 гъэм, нэмыцэхэр къуажэм къыщыдыхьам, Наужан лэжьапIэм щыIэт. Фашистхэр бжэм къытеуIуэу щIадзати, Къалэбатэм щытыкIэр псынщIэу зэпилъытщ, мыхьэнэ нэхъ зиIэ дэфтэрхэр къыздищтэри, щхьэгъубжэмкIэ дэкIуэсыкIащ. Полицейхэм ар къалъыхъуащ, арщхьэкIэ и лъэужь техьакъым. Наужан Бахъсэненкэ и щхьэгъусэм и Iыхьлы Абрэджэ я деж зыщигъэпщкIуащ.

1943 гъэм и пэщIэдзэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым ирахужа нэужь, накъыгъэм и 4-м Къалэбатэр и лэжьыгъэм пэрыувэжащ. Зэман дэкIри, ар Бахъсэн район прокуратурэм цIыхубэ следователу ягъэкIуащ.

Зауэр иджыри иухатэкъым. Зэманыр гугъу дыдэт. ДэнэкIи щIэпхъаджагъэм зыщиубгъурт. БзаджащIэхэм яхэтт хабзэхъумэхэм я биймхэри. Къалэбатэр Хэкум и епцIыжакIуэу къыщыратхэкI письмохэр IуэхущIапIэ куэдым ягъэхьат. ЗэхамыгъэкIа хъыбарым ипкъ иткIэ, япэ щыкIэ Къалэбатэм и адэр 1943 гъэм яубыдащ. Абы кIэлъыкIуэу НКВД-м лъэхъуэщым иридзащ Наужан и щхьэгъусэ Шыбзыхъуэ Iэдэм. А Iуэху зэIумыбзхэр лъабжьэ хуищIри, а лъэхъэнэм республикэм и прокурору лэжьа Кривушиным 1944 гъэм щIышылэм и 4-м Къалэбатэр лэжьапIэм IуигъэкIащ.

Яубыдахэр къуаншэу къыщIрагъэдзыфакъым икIи икIэмикIэжым Iуэхур къызэтрагъэувыIащ. АрщхьэкIэ Наужан прокуратурэм игъэзэжакъым.

1948 гъэм щIэныгъэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIыр республикэм и Министрхэм я Советым и мэкъумэш гупым хагъэхьащ. Абы дзыхь къыхуащIат колхоз унафэщIым и къулыкъур. И псэемыблэж лэжьыгъэм папщIэ, Къалэбатэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «Лэжьыгъэм къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалыр, КъБАССР-м и ЩIыхь тхылъыр тIэунейрэ къратащ.

IэщIагъэлI ахъырзэману зыкъигъэлъэгъуащ нэгъуэщI зы лэскэн пщащэми - **Ащнокъуэ Сэлисэт**. Зауэр къэхъейри, цIыхухъухэр Хэкур хъумэну дэкIат, абыхэм я пIэ иувэн къэгъуэтын хуейт. Мис а лъэхъэнэм КъБАССР-м ЮстицэмкIэ и министерствэм гу лъитащ цIыхубз жыджэрым. 1942 гъэм Сэлисэт Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм еджакIуэ ягъэкIуащ. Мазищ юрист курсхэр фIы дыдэу къиухри, ар Налшык къалэ прокуратурэм и следователу ягъэуващ.

Республикэ прокурорым и унафэкIэ, Сэлисэт Дзэлыкъуэ куейм лэжьыгъэ IуэхукIэ зэгуэрым ягъэкIуат. Ар ирихьэлIащ прокуратурэм и бжэр гъэбыдауэ. ЩхьэусыгъуэР прокурорри следователри армэм зэрыраджарт. ЗрихьэлIа щытыкIэм къыхэкIыу Ащнокъуэр абдеж къыщынэну хуагъэуващ. Арати, прокурор къалэнри следователь пщэрылъри игъэзэщIэн хуейхъуащ.

Кавказыр зауэ лыгъэм зэщIищтат. Фашистхэр бгыхэм къыхуеIэрт. Зэманыр гугъут икIи шынагъуэт. Салисэт щылажьэ пэшым, цIыхум пкърыупщIыхьу здэщысым, пэмыплъагъэххэу НКВД-м и район къудамэм и унафэщI КIуащ Мухьэдин къыщIыхьащ. Абы къызэрыжриIамкIэ, нэмыцэхэм Псыхуабэ къащтат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэхэми къэсат. Сэлисэт псынщIэу дэфтэр щэхухэмрэ прокуратурэм и мыхъурымрэ къыздищтэри, адрейхэр игъэсащ.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр лъахэм ирахужа нэужь, Сэлисэт и «гъэтIылъыгъэр» къыщитIыкIыжри, республикэм и прокурор Кривушиным иритыжащ. ЦIыхубзым хуагъэлъэгъуат Налшык къалэ прокуратурэм и аппаратым къэнэну, арщхьэкIэ Лэскэн куейм игъэзэжмэ, нэхъ къищтащ. Абы ар прокуроруи следователуи щылэжьащ.

Прокуратурэм и закъуэтэкъым лэжьакIуэ зыхуримыкъур. Партым и обкомым и унафэкIэ Ащнокъуэ Сэлисэт Лэскэн райкомым, адэкIэ райисполкомым ягъакIуэри абы и унафэщIым и къуэдзэу, иужьым унафэщIу лэжьащ.

Республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм япэу къахыхьа балъкъэр цIыхубзщ **Бапинаевэ Марзият**. Нэмыцэ фашистхэр ди республикэм ирагъэкъэбзыкIыжа нэужь, Шэджэм район прокурор къалэнхэм пэрыувэжат партизан Чочаевыр. ЛэжьакIуэ хурикъуртэкъыми, и нэм къыIуидзащ а лъэхъэнэм Шэджэм Ипщэ къуажэ Советым секретару щылажьэ пщащэ жыджэр Марзият. Абы следователь къалэнхэр пщэрылъ щащIри, мыдзыхэу а лэжьыгъэ мытыншым пэрыуващ. ИужькIэ юристхэр щагъэхьэзыр мазищ курсым ягъакIуэри, ар къиуха нэужь, Шэджэм район судым и унафэщIу хахауэ щытащ. 1944 гъэм гъатхэпэм и 7-м, балъкъэрхэр лъахэм ирагъэкIыным зы жэщ-махуэ иIэжу, Бапинаевэ Марзият яубыдащ икIи хамэ къэрал щэхурылажьэу къалъытэри «тройкэ»-м и унафэкIэ илъэситхукIэ ягъэтIысащ.

Хэку зауэшхуэм и пэкIэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэм къахыхьа, зауэм и гугъуехьхэр зи нэгу щIэкIа цIыхубзхэм ящыщщ 1920 гъэм Прохладнэ къалэм къыщалъхуа **Шарудэ Валентинэ**. Пушкин Александр и цIэр зэрихьэу я къалэм дэт курыт еджапIэр 1938 гъэм къиухри ВКП(б)-м и райкомым инструктору лэжьэн щыщIидзащ, адэкIэ комсомолым и обкомым кадрхэмкIэ и къудамэм щыпищащ. 1943 гъэм фокIадэм и 23-м КъБАССР-м и прокурорым и унафэкIэ, Тэрч куей прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу ягъэуващ. Орджоникидзе мазищ курсхэр къыщиухри, 1944 гъэм и щIышылэм Май районым и прокуратурэм и цIыхубэ следователь къалэным пэрыуващ.

Зауэм и зэманым, 1943 гъэм, партым и обкомым и унафэкIэ прокуратурэм лэжьакIуэ ягъэкIуауэ щытахэм ящыщ зыщ **Щомахуэ Зое (Зрумхъан)**. И IэщIагъэм хуэIэижь, лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI КъБАССР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу лажьэ, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщIэ адыгэ бзылъхугъэр 1952 гъэм республикэм и Суд Нэхъыщхьэм хахри, иужьым абы и унафэщIу куэдрэ лэжьащ. Абы и пэкIи, 1935 - 1942 гъэхэм Щомахуэр республикэм и Суд Нэхъыщхьэм хэтауэ щытащ. Ауэ нэмыцэ фашистхэр лъахэм къыщебгъэрыкIуэм, Зое Тбилиси Iэпхъуэри, абы щыпсэуащ. Фашистхэр ирахужа нэужь, къигъэзэжри, и лэжьыгъэм пищэжащ.

Республикэ прокуратурэм и следователь ныбжьыщIэхэм я ущиякIуэу, я щапхъэу щытащ **Бекъан Изабеллэ**. 1947 гъэм Къэзан юрист институтыр къиухри, ар Налшык къалэм и 1-нэ суд участкэм и судыщIэу лэжьащ. 1956 гъэм щыщIэдзауэ 1979 гъэм пенсэм кIуэху, Бекъаныр следователу, Налшык къалэ прокурорым и дэIэпыкъуэгъуу лэжьащ.

1945 гъэм Налшык район прокуратурэм и следователу щытащ **Къуэшокъуэ Таужан**.

Республикэ прокуратурэм япэ лъэбакъуэ щызыча ди цIыхубзхэр зэи ящыгъупщэркъым, ахэр фIыкIэ ягу къагъэкIыж, нобэ къыддэгъуэгурыкIуэхэм хуэфащэ гулъытэ хуащI.

СЭРАХЪЭ Александр,
УФ-м и прокуратурэм щIыхь

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ДИ ЛИТЕРАТУРЭМ и тхыдэм дыщриплъэжкІэ, дэ тлъагъу хабзэр хэхъуэныгъэу къэтлъытэращ, хэщІыныгъэу политикэ залымым къытхуихьам ди нэр худоуфІыцІ. Ар дыхуагъэсауэ пцІы зэрыдупс Іэмалхэм языхэзщ. Псалъэм щхьэкІэ, жыгитІ къызыдэкІа пщІантІэм, зы фІэкІа къыдамынэу, етІуанэр дахамэ, ар щІубзыщІынур сыт? Сэ зи гугъу сщІыр 1937 гъэм зэ траукІа тхакІуэ пажэхэракъым - ахэр псоми дощІэ! Сэ зи гугъу сщІыр Урысей пхащІэм нэс кІуасэу, Новосибирск зи гъащІэр щызыхьа усакІуэ хьэлэмэтыращ. Адыгэ псалъи, адыгэ уэрэди зэхимыхыу, адыгэ къафи имылъагъ уу, адыг э литературэм сыт къыщыхъуми имыщІэу хамэ къалэ, къалэ жыжьэ щагъэпсэуа усакІуэр емыщхьу пІэрэ щІыгулъым къыхачу пшахъуэху гъущІам хагъэтІысхьа жыгым? А пшахъуэхум къела жыгым хуэмыдэу пІэрэ хамэ щІыпІэм зи къалэмыр щызымыутІыпща адыгэлІыр! Я лъэпкъэгъухэм яхэсыжу Тырку мрэ Хьэрыпымрэ къитэджа адыгэ тхакІуэхэм яІэщІэлъар хамэ къалэмщ, атІэ зи адыгэ уэрэдыр зэпымыуа Къылышбий Исмэхьил сыт хуэдэ фІыщІэ хуэмыфащэр? Сэ куэдрэ согупсыс: ар и хэку исыжу, и лъэпкъэгъухэм ях эсыжу, и лъабжьэр лъэпкъ щэнхабзэм хэту зэфІэувамэ, дэнэ нэсыну пІэрэт? - жысІэурэ. СощІэ, сощІэ мыгъуэ, ари щэщІрэ ебланэ гъэ угъурсызым къелынутэкъым, ауэ... итІани... Тхьэм къихъумэрэ къеламэ, бетэмал, сыту лирик щэджащэ диІэнт нобэ!... Игурэ и псэрэ утІыпщауэ ягъэтхамэ...

Дауэ щытми, дэ абы къытхуигъэна литературэ щІэиным дыщывгъэгуфІыкІ.

Къылышбий Батырбэч и къуэ Исмэхьил 1896 гъэм щІышылэм и 9-м Къылышбийхьэблэ (Нартан) къыщалъхуащ, зыхалъхуар дыжьыныгъуэм захэзыбжэ (Астемир Мамхегов. Высшее сословие Кабарды в 1872 году // «Газет а Юга», №23 (441) 8. VIII-2002) уэркъ унагъуэт. Исмэхьил сабийуэ (илъэсих фІэкІа мыхъуауэ) и адэр щхьэщылІыкІщ, и анэр унэидзыхьэу (щІы тІэкІу иІэти) яхьри, щІалэ цІыкІур зеиншэу къыщынэм, Польшэм офицеру къулыкъу щызыщІэ и адэ къуэш СультІанбэч зрешэлІэж, Ломжэ къалэм здешэри, реальнэ училищэм щІегъэтІысхьэ. 1910 гъэм и бжьыхьэм СультІанбэч Къэбэрдейм къагъэкІуэж Налшык округым и тету (Опрышкэ О. «Бывают странные сближения...» Документальное повествование. Нальчик, «Эльбрус», 1993, н.42); Налшык дащІыхь реальнэ училищэр къызэрызэІуахыу, Исмэхьил абы щІотІысхьэ.

А еджапІэм къыщоуш Исмэхьил и усакІуэпсэр.

1917 гъэм пащтыхьыр традза нэужь, реальнэ училищэм «Бгырыс щІалэгъуалэм я хасэ» («Кружок горской молодежи») къызэрагъэпэщ, Къылышбий Исмэхьил и тхьэмадэу. Хасэм къалэну зыхуигъэувыжырт щІэныгъэр цІыхубэм яхэхьэныр, цІыху нэхъыбэ еджапІэм къешэлІэныр. А зэманым ЦІагъуэ Нурийрэ Елбэд Хьэсэнрэ хасэм кърагъэблагъэ, Нурий адыгэ тхыдэм теухуа лекцэ къахуеджэн, Хьэсэн бахъсэней тхэкІэм хуригъэджэн щхьэкІэ. Реальнэм щадж тхыдэмрэ Нурий яхуиІуатэмрэ апхуэдизу зэтемыхуэти, ар Исмэхьилым телъыджэ щохъури, адыгэм я блэкІа дахэр игъэлъапІэрэ я нобэрей насыпыншагъэр игъейуэ «Іуэдыщэ» усэр етх, едзыгъуэ пщыкІуз хъууэ. Іуэдыщэм - «къурш дыщэ» къикІыу аращ, ар Истамбыл фІыщІэ хасэм и узэщІакІуэхэм Кавказым къыхуагъуэта цІэ лъапІэщ, Нурий хэкужьым къыздихьауэ (Елбэд Хьэсэн. Гукъинэж. Налшык, «Эльбрус», 1993, н. 309-317).Усэр нагъыщэу (символикэ) гъэпсащ, абыхэм я мыхьэнэр умыщІэмэ, гурыІуэгъуей мэхъу: Іуэдыщэ и щыгум тет щиху дахэшхуэр адыгэ лъэпкъым я нагъыщэщ; «Зэмзэмуэ къыщІэж и псынэр» ижькІэ адыгэм яІа щэнхабзэшхуэращ; Іуэдыщэ (е щихушхуэм) и унэрыс бгъащхъуэжьхэр - адыгэм яІа зауэлІ, дзэпщ лъэщхэрати, бий къатеуамэ, хэкум къыщыжырт... АрщхьэкІэ:

Къудан щихур тхьэщІасэ бынти,
ФІыгъуэ инх эр къыхуридзыхт,
Ауэ щыкІыр насып укІыжти,
Уафэ дыщэр бийуэ къыхихт.

Адыгэр щыкІыу «уафэ дыщэр бий» зэрищІа щІыкІэр усэми къыхэщыркъым, ар Хьэсэни къыджиІэфакъым. Ауэ щытми, тхыгъэм и купщІэр лъэпкъыр зыхуэкІуа тхьэмыщкІагъэращи, авторым игъей гузэвгъуэр аращ:

Зэзэмызэ тобэ къеІыхгуэ
Тхьэlуху дхэр къыщотІысэх,
АрщхьэкІэ зий зэхимыхгуэ
ЛІыжь тхышэр йопэзэзэх.

«Тобэ къеІыхгуэ къетІысэх тхьэІухудхэр», Елбэдым зэрыжиІэмкІэ («Гукъинэж», н. 315), «... Народым щІэныгъэ ягъуэтын, я нэм нэху щІэпсэн папщІэ, абы хуэлажьэу езы народым къыхэкІа» узэщІакІуэхэрщ (Нэгумэ Шорэ, Бырсей Умар, ХьэтІохъущокъуэ Къазий, ЦІагъуэ Нурий, Дым Іэдэм сымэ хуэдэхэр). «ЛІыжь тхышэу епэзэзэхыр» Къылышбийм и зэманэгъу адыгэращи, абы усэм и мыхьэнэр ноби еІэт. Мопхуэдиз лъагагъэрэ лъапІэныгъэрэ зиІа фэ щхьэ зыкъэвмыІэтыжрэ!- жеІэри иджыпстуи дыкъыхуреджэ усакІуэм.

Гу зылъытапхъэ: «Іуэдыщэр» щатха XX лІэщІыгъу эм и пэщІэдзэм адыгэ усэм дамэ къытекІэу щІидзат. Сэ зи гугъу сщІыр Агънокъуэ Лашэ и лъэтэкІэ телъыджэракъым - ар гъащІэ кІыхь къэзыкІуа гурыусэм и щыгут. Сэ гу зылъывэзгъэтэну яужь ситыр тхыбзэ усыгъэм къищІа гулъыр къэтэпІын зэрыщІидзарщ. Уэрэдус у къежьа ПащІэ Бэчмырзэ итха «Псалъэ пэжхэм» я Іыхьэ 6 («Зэманыр

Къыздимыкlыжым къикlыжа усакlуэ

псынщІэу йокІуэкІыр...»), 13 («Гъатхэр къэзыхьыр бз у цІыкІухэрщ...»), 17 (Фымызэуэнумэ, Іэщэ къэвмыщтэ...»), 34 («Ижьым щыгъуазэрэ...»), 35 («Щхьэхуещэ гупхэр щымыІэгъатэмэ...»), «Алыхьым и фІыщІэр», «Къатхъэн Назир и усэхэр», нэгъуэщІхэри литературэ лирикэ куущ: Куп Исмел-Хьэжым и зы усэщ ди деж къэсар: «Адыгэ жыыуэм» и закъуэщ, ауэ ар усэным хуэижь хъуа тхакІуэм зэриІэдакъэщІэкІыр наІуэщ: Шэджыхьэщіэ Пщыкъан и «Бэджрэ бадзэрэ», «Къуажэ молэжьхэм я уэрэдыр», адрейхэри къытрамыдза пэтми, куэдым ягу къишхыдыкІырти, ІуэрыІуэтэжу цІыхум кърахьэкІыу щытащ; Щоджэнцы́кІу Алий и «Нанэмрэ» «Тыркухадэмрэ» лирикэ телъыджэщ; Датокъуэ Заурбэч урысыбзэкІэ зэхилъхьа «ПщІыхь» («Сон») усэм къыхощ ар зытхам зэчиишхуэ зэриІар (Опрышкэ Олег «Бывают странные сближения...» Нальчик, «Эльбрус», 1993, н. 184), абы усэ зэримыщыпэтхыр; дебакъуэ хьункъым ЩэрэлІокъуэ Талъустэн и усэхэми. ЗыщывмыгъэгъупщэбахЪсэней узэщІакІуэхэм къыдагъэкІыу щыта кІэзетымрэ («Адыгэ макъ») тхылъхэмрэ, мыдрисэми адыгэбзэкІэ щрагъаджэу зэрыщытари. Сщыгъупщэрти, а усэ зытххэм КІурашын Мухьэмэди зэрахэтар (Налоев З.М. К типологии баксанского адаба //«Вопросы кавказской филологии и истории». Нальчик, 1982, н 101-124). Ахэр зэджэн тхылъхэм ирагъэувэн щхьэкІэ зэхалъхьа усыгъэкъым - ахэр авторхэм я псэ, я гупсысэхэр зэраІуатэ тхыгъэу къежьащи, къызэфІэувэну къэхъея щэнхабзэщІэм - тхыбзэ литературэм и гулъу къэлъытапхъэщ. Абы и щыхьэту си гугъэщ зи цІэ къитІуа авторхэр, езыр-езыру къэуша мыхъумэ, зыгу эрым игъэІущауэ зэрыщымытри.

Ар къэдмылъытэмэ, и кІэм нэсу къыдгурыІуэнкъым Къылышбийри, ПащІэри, ЩоджэнцІыкІури, Шэджыхьэщіэри тхэн щамыгъэтыжу, усакІуэ щІэхъуа щхьэусыгъуэр.

А лъэхъэнэр телъыджэ къыщыхъу зэманти, Къылышбийр нэгъуэщІ Іуэху хьэлэмэтми къыхохутэ. 1917 гъэм и гъэмахуэм «Бгырыс щІалэгъуалэм я хасэм» хъыбар къыІэрохьэ, урыс уэрэдгъэІу щэджащэ Шаляпин Федор зигъэпсэху у Нартсанэ щыІэ у. Хасэм я жэрдэмкІэ уэрэдгъэІур Налшык кърагъэблагъэри, тхьэмахуэкІэ Долинск, Закржевскэхэ щагъэхьэщІэ, ехьэжьауэ ешхэ-ефэ хуащІ, шыгъажэ-шыгъафэ ирагъэлъагъу, адыгэ уэрэд ирагъэдаІуэ, езы Шаляпинми хъыбар къажреІэ, урыс уэрэ д къахуегъэІу, «... фи уэрэдри телъыджэщ, гум хохьэ, ар сэ сфІэфІ уэрэд нэщхъейхэм ещхьщ», - къахуегъэщІагъуэ. А зэІущІэ телъыджэм, Къылышбий Исмэхьил нэмыщІ, нэгъуэщІ адыгэ зыбжани хэтащ: полковник Къылышбий СультІанбэч, Пырхъыш Исмэхьил, Щэрдан Албэн, Мэрзей Жанджэрий, дох утыр Щоджэн Бэчмырзэ, ХьэтІохъущокъуэхэ ящыщ гуэрхэр, пианинауэ Шыпш ФатІимэ, Балъкъэрокъуэхэ Даутрэ Фатярэ, нэгъуэщІхэри (Кодзоков В. К. Певцы земли родной. Нальчик, 1992, н. 80-84: «Шаляпин в Нальчике»). Исмэхьил гукъинэж щыхъуащ а телъыджэр. Реальнэм ахэр щагъасэрт музыкэри, сурэтри, архитектурэри къагурыІуэу. Музыкэр апхуэдизкІэ абы и гум хыхьати, симфоние концерт блигъэкІыртэкъым, музыкэ зэрыт пластинкэхэр зэхуихьэсырт (Кодзоков В.К., н. 75-76).

Октябрь революцэм и ужькІэ Къылышбийр политикэм хэша мэхъу революционерхэм я телъхьэу. Доку мент щыІэщ Исмэхьилрэ абы и ныбжьэгъу Мэрзей Жанджэрийрэ Налшык округым ис лъэпкъхэм я IV зэхуэсым (съездым) зэрыхэтар къыхэщыжу; зэныбжьэгъуитІри я зэхуэсым и секретару ІэІэткІэ хахауи щытащ (Документы по истории борьбы за Советскую власть и образования автономии Кабардино-Балкарии (1917-1922). Нальчик, «Эльбрус», 1983, н. 208). Абы и мызакъуэу, усакІуэр Лениным и лъэныкъуэу зэрыщытар наІуэу къыхощыж «Къэбэрдей», «Насып» усэхэм: сталинистхэм, псом хуэмыдэу Къалмыкъым, ягъэбий пэтми, ар социализмэм и те лъхьэу къэнат.

Исмэхьил и щхьэгъуса З. А. Завельскэм зэритхыжамкІэ, Къылышбийр 1920 гъэм Варшавскэ университетым и юридическэ факультетым щІотІысхьэ. («Измаил Батырбекович Клишбиев» жиІэу З.А. Завельскэм схуитха тІэкІур, тетрадь напихрэ ныкъуэрэ хъууэ, си архивым хэлъу сохъумэ). А еджапІэшхуэр Ростов къагъэІэпхъуауэ дэтти, граждан зауэ зи гуащІэгъуэм хеубыдэри, еджа мыхъуу, къегъэзэж. КъыздэкІуэжам уэркъщ жаІэри, зэхэзехуэн ящІ. Къалмыкъымрэ Ткаченкэрэ япэщІэмыхуэн щхьэкІэ, Дым Іэдэмхэ, ЦІагъуэ Нурийхэ, Елбэд Хьэсэнхэ, ЩоджэнцІыкІу Алийхэ я деж зыщегъэпщкІу. А зэманырщ «Сэтэней и уэрэд» (1921), «Дымхэ я зэшыпхъуитІым» (1921), «Іэминат», «Хъаджэт», «Нинэ» жыхуиІэ усэхэу зэшхуэусэу зэхилъхьахэр щитхар. УсакІуитІым зэгупсысын, зыщІэхуэпсын, зытепсэлъыхьынхэр къайлыжт, ауэ абыхэм дыщыгъуазэкъым, зы налъэ цІыкІу фІэкІа. Къуэдзокъуэ В.Къ. етхыж 1969 гъэм Къылышбийм мыр къыжриІауэ: «ЩоджэнцІыкІу Алий и «Мадинэр» щиухам щыгъуэ, япэ къызыхуеджар сэращ. Мадинэ и образым дэзгъуэхэр жесІати, ищтэри зэригъэзэхуэжащ», «Бэч и къуэ Исмэхьил,- етх адэкІэ Къуэдзокъуэм, - ЩоджэнцІыкІум и «Мадинэм» и япэрей вариантым щыщ пычыгъуэрэ зэригъэзэхуэжа нэужь къищІыкІыжамрэ (зэригъапщэурэ) къытхуеджэгъащ» («Певцы земли родной», н. 76).

Зи гугъу тщІы лъэхъэнэм щыпсэу адыгэу щІэныгъэ нэхъ зиІа лІыфІхэм зэрагъусар Исмэхьил сэбэп къыху эмыхъуу, дауи, къэнакъым.

Кушмэзыкъуей, Дымхэ е ЩоджэнцІыкІухэ я деж щыІэу, 1923 гъэм усакІуэм къещІэ Бахъсэн псыхъуэ зэрызыщигъэпщкІур къахутауэ. Ар Къалмыкъым Іэрыхьамэ, зэры-Къылышбийр къыхуигъэгъунутэкъым. Хэкум къинамэ, гува-щІэхами Ткаченкэ и жасусхэм япэщІэх уэнут, япэщІэху эмэ, езым и мызакъуэ у, къанакІуэ зыхуэхъу ахэми яхуэмыгъ уэнут. Ар и ныбжьэгъухэм Дыгулыбгъуейм, ЦІагъу эм и деж къашэри, ШэткъалэкІуэ Кушмэзокъуэм ар Гумкъалэ недзыс; абдеж мафІэгум щотІысхьэри, Баку макІуэ. Абы пщыхьэщхьэ институт къыщызэІуахати (З. А. Завельск эм зэритхымкІэ), юрист факультетым щІотІысхьэ, юриспруденцэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтыну, арщхьэкІэ у эркъым къыхэкІахэм еджапщІэу дыщэ ахъшэ къыпаубыду къыщІокІри, Исмэхьил ещхьу, а институт дыдэр зрагъэбгына Зинаидэ Александровнэ Завельскэмрэ абырэ зэроцІыху, ягу зэкІэропщІэри, а гъэ дыдэм зэрошэ. «Дэ дызыхэхуа щІалэгъуалэм куэдкІэ къащхьэщыкІырт Исмэхьил, - жиІэжт З. А. Завельскэм. - Сэ згъэщІэгъуэпар ар литературэм, псом хуэмыдэжу усыгъэм, фІы дыдэу зэрыщыгъуазэрат; ар сыт щыгъуи оптимистышхуэт. Мылъку Іуэху ми зыдригъэхьэхыртэкъым, уи фІэщ мыхъун ху эдизуи цІыху захуэт. Сыт хуэдэ гугъуехь хэхуами, усакІуэу къызэтенэрт» (З. Клишбиева - Завельская. «Измаил Батырбекович Клишбиев»).

Еджэн Іуэхур къыщимыкІым, тІури зэгуроІуэ къэралым икІыжынуи, ТІуапсы макІуэ, хамэ кхъухь зрагъахуэу ежьэжын я мураду . АрщхьэкІэ арг уэрыр къащемыхъулІэм, Зинаидэ Александровнэм, Исмэхьилыр къытрегъэхьэри, и адэ-анэр щыпсэу Новосибирск ешэ.

ПсэупІэщІэм Къылышбийр политикэми щыхэІэбакъым, юриспруденцэ Іуэхуи щызэрихуакъым, транспортым пыщІа лэжьыгъэм хохьэри, абы и лъэр быдэу щоув: 20-30 гъэхэм ар Новосибирск и къалэтранстрестым я транспортым и унафэщІу ирегъажьэри, облавтоуправленэм и автотехснабым и тхьэмадэу ягъэув... Сыт хуэдэ ІэнатІэ Іуагъэ увэми, егугъуу, щытх у къихь у, саугъэт кърату и къалэныр игъэзэщІащ, «фІым и фІыж лэжьакІуэ» къыхужаІэу. Лэжьыгъэмкъыщыдэхуэсыхьэтхэм, мах уэхэм усэ зэхилъхьэу, и щІалэгъ уэм иусауэ щытахэр гукІэ итхыжу, у лаху э кърат ымкІэ х уэщІауэ псэуфу 1942 гъэм къэсащ. Ауэ 1941 гъэм Германиер СССР-м къытоуэ, къэрал псор зауэ гуащІэм те лэжьэн ху ей мэхъу, гурыщхъуэ зыхуащІ псори ягъэтІысу щІадзэ. Къылышбийри 1942 гъэм ягъэтІыс. Зэрагъэкъуаншэр пщы лъэпкъыу жаІэри арат. «Сэ сыпщкъым, сыуэркъ къудейщ»,- яжриІэ пэтми, ар судым е къагурыІуакъым, е къафІэІуэхуакъым. Прокурорым тригъэчыныхьырт укІ къытралъхьэн хуейуэ. РСФСР-м и УК-м и статья 58-м ипкъ иткІэ, илъэси 5 къытралъхьэри, тхьэусыхэж пэт ми зыри къимыкІыу, а илъэс бжыгъэр иухыху щысын хуей мэхъу. 1981 гъэм октябрым и 28-м (справкэ №15) РСФСР-м и Суд Нэхъыщхьэм и президиумым и унафэкІэ Къылышбий И.Б., лажьэншэу къалъытэри, реабилитацэ ящІ. Ар З. А. Завельскэм дэрэ ди хьэрычэткІэщ зэрахуеижар: и усэхэр тредгъэдзэну къыщІытхуамыдэр усакІуэр зэрыщысара ди гугъэу, ар реабилитацэ е дгъэщІа щхьэкІэ, абы и тхыгъэхэм телъа табур тхутрегъэхакъым, перестройкэр къеежьэху.

Исмэхьил телъа тезырыр иухыу хуит къэхъужа нэужьым, и лэжьэкІэфІыр ящІэж хъунти, аргуэру къулыкъуфІ кърат: япэ щІыкІэ псыхъуэ мыинхэр кхъухь зекІуапІэ щІыным елэжь Т огучинск э ІэнатІэм (40 гъэхэм), итІанэ Дубровинскэ мэзхэх ІэнатІэм я тхьэмадэу (50 гъэхэм) ягъэув, фІыщІэ къихьуи мэлажьэ.

Къылышбий Исмэхьил

1961 гъэм и ныбжьыр илъэс 65-м иту пенсэ макІуэри, Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм пэшитІ хъууэ кооператив фэтэр (К. Маркс и уэрам, унэ №18, фэтэр 40) щрегъэщІри, и щхьэгъусэмрэ ипхъу закъуэ Жэнэтрэ щІыгъу у, 1963 гъэм къоІэпхъуэ ж (Налшык къыдэтІысхьэжын дзыхь ищІакъым, ди деж я щхьэ къыщрикІуауэ щыта залымыгъэр ищІэжти).

Тэрчкъалэ къыздэкІу эжам Исмэхьил и ІитІ зэтедзауэ щысакъым: зыхуэзэша къуршыжьхэр къикІухьурэ Іэ ядилъащ; усэ куэд, поэмэ зыбжанэ щитхащ, музыкэм и гур етауэ щыпсэуащ. «Симфоние концертхэм кІуэрейуэ зэрызэх этхар щыху этІуэтэ жым, - етхыж Къуэдзокъуэ В. Къ., - «Пэжщ ар, жиІащ, филармонием и концерт блэзмыгъэкІыу сокІуэ, илъэспсо абонемент сиІэщ, а абонементым итщ Чайковскэм и 6-нэ симфониер, сэ нэхъыфІ дыдэу слъагъур, ягъэзэщІэну» («Певцы земли родной», н. 76).

Зэзэмызэ ар щэхуу Налшыки къэкІуэ жырт. Псом япэу Реальнэ училищэу щытам, итІанэ ЩоджэнцІыкІу Алий и театрым къекІуалІэрт, мыбдеж ар Елбэд Хьэсэн щыхуэзэрт...

Исмэхьил ипхъу закъуэр, инженер-энергетикыу щыт а Жэнэт, 1967 гъэм Тэрчкъалэ щыщІилъхьэжащ.

Мы гуауэшхуэм иужькІэ Къылышбийм и усыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу зыхеукъуэдие псэуныгъэмрэ лІэныгъэмрэ я философие нэщхъейм икІи тхыгъэ куэд къегъэщІ, абы иужькІэ усакІуэр илъэси 7 фІэкІа мыпсэужа пэтми.

Къылышбий Батырбэч и къуэ Исмэхьил и ныбжьыр илъэс 78-м иту 1974 гъэм дунейм ехыжри, и пхъум бгъуралъхьэжащ. Завельскэ З. А. щыІа гъэр тщІэркъым.

УсакІуэм бын къыщІэнакъым и усэхэм фІэкІа.

ЩыІэщ усэныр тезыру зытрилъхьэ е насыпу зрит: сэ гъукІэныр насыпрэ гухэхъ уэу къызитат. Агънокъуэм къыІурылъэлъу щыта налкъутхэм игъащІэм зы сом фІыцІи къыхуахьакъым - ар абы и тхъэжыгъуэ у арат. Къылышбийм усэныр тезыру Тхьэм къытрилъхьат: совет лъэхъэнэм ар зэи гугъакъым и усэхэр дунейм къытехьэну, къытрадзэну, тхылъу къыдэкІыну, и лъэпкъэгъ ухэр къеджэну. Исмэ хьил-усакІуэр дэ къызэрыдгуэкІым я нэхъыщхьэ дыдэщ ар. И кІэщІращи, ар къызыхуигъэщІар усэнрати, усэкІэ и псэр иІу атэрт, и г ур игъэбзэурт. Усэр гупсысэм и щытыкІэу арати, и псэр иІуатэу, и гур псэхужыху, а зы темэр, а зы усэр, уеблэмэ, а зы едзыгъуэр тетрадь зыбжанэм яры з хъуху имыгъэтІылъу игъэкІэрахъ уэрт. И гупсысэм арэзы къимыщІауэ, зыхуей псалъэр къимыгъуэтауэ, и акъылри и къалэмри игъэувыІэртэкъым. Ар къэгъэщІыныгъэм пыщІа хьэзабыращ. ЕтІу анэу, ар къызэрыдг уэкІым ящыщщ абы и напэр иуфІыцІу пцІы зэримыупсар, и гум имылъ и усэм зэрылъимыгъэІэсар, и гум илъри зэримыбзыщІар. Пэж жыдэгъэІэ: дэ куэдрэ дыбзыщІын хуей хъурт ди гум илъыр, ноби есагъапщІэкІэ апхуэдэ зыщІэ ди мащІэкъым. БзыщІыныр пцІым и зы теплъэщ, пцІыр, зэран къэзышэ пцІыр хьэрэмщ. Ещанэу, гу зылъытапхъэщ Къылышбийм и закъуэныгъэр: зэчэнджэщын дэнэ къэна, и усыгъэм иригъэджэн, уеблэмэ иригъэдэІуэн имыІэу илъэс щэ ныкъуэкІэ псэуащ ар. Апхуэдэ зымыгъэунэхуа дэ къыдгурымыІуэнкІи хъунщ а трагедием и хьэлъагъыр.

Зэран мыхъун си гугъэщ апхуэдэ Іуэхум теухуа зы хъыбар фыкъысхуедаІуэмэ. Ар сэ къызжезыІэжар Дамаск дэт университетым и профессор Лащ Адыл-Абдулсэ ламщ, Тхьэм и нэфІыр къыщыхуэ!

Тыркум къыщалъхуу зеиншэу къэна адыгэ щІалэ цІыкІум кхъухь гуэрым юнгэу зригъащтэри, куэдрэ дунейр къызэхикІухьауэ, Гонконг щикІри дэтІысхьащ, бей дэхъухьащ, китаипхъу къишэри быни щигъуэтащ. Алыхьым къызэрыуитыну псэут... насып фІэкІа къызых уэт щымыІэу. МэбампІэ лІыр, мэзэш. Адыгэбзэм щхьэкІэ малІэ. ИтІанэ магнитофон къещэхури, епсалъэ-едэІуэ жуу рэ зытрегъэ у. Ауэрэ Тыркум ис адыгэхэм запещІэри, адыгэ уэрэд, хъыбар иту кассетэ къыхуагъэхьурэ фонотекэ зэрегъэпэщ. А фонотекэм лІыр бампІэм къригъэлащ, и щхьэр зэІимыгъэ хьэу.

Гонконг дэт университетым лекцэ кърагъэджэну ирагъэблэгъа профессор Лащ Адыл абы и хьэщІэщым щІэсу къыщІэкІри, бысымым цІыхугъэ хуэхъури, и Іуэху къызэрекІуэкІар къыхуиІуэтэжащ.

Лъэпкъым хэчауэ псэуныр цІыху къызэрыкІуэм апхуэдизу къыщытехьэлъэкІэ, усакІуэм дежкІэ ар куэдкІэ нэхъ гугъужщ: уи лъэпк литературэм и контекстым ухэмыту утхэнри къумым жыг закъуэу ущыкІынри зэхуэдэщ. «И насыпт, емыгъэзэу э зыхуейр итхыу щытащ»,- жызыІэн къытхэкІынущи, сэ сыхуейт апхуэдэм и нэгу къыщІигъэувэну мы зыр: «ЛІэныгъэмрэ» «ТхьэІущхэмрэ» яз 1974 гъэм и пэкІэ «зыпэщІэхуапхъэм» япэщІэхуамэ, дэнэ къыщагъэхутэну пІэрэт абыхэм я авторыр! Хуэмызар лІыфІкъэ? Къылышбийр хуэзат абы. Игъэунэхуат: 1942 гъэм и пэкІэ итха псор «зыпэщІэхуам» я деж щІэ лът.

А Іуэхугъуищым нэхъыбэу къыхэкІыу къыщІэкІынт Исмэхьил и усыгъэхэм я фІагъри я дагъуэри - зым и акъылыр, и щІэныгъэр, и зэчийр абыхэм къахэплъытэжмэ.

КІыхьу къытедмыгъэзэжми, гурыІуэгъуэ сфІощІ, хуитыныгъэм щІэбэна дэтхэнэ цІыху къабзэ, губзыгъэми ху эдэу, Къылышбийм и псэм ищтэну зэрыщымытар Сталинымрэ сталиншыр Калмыкъымрэ я залымыгъэр. Ауэ телъыджэкъэ, псэзэпылъхьэпІэм зэритыр къыгурыІуэж пэтми, а гузэвэгъуэшхуэр Исмэхьил усэкІэ имыгъэввын зэрылъэмыкІар - О. Мандельштам, М. Булгаковым, адрей гупсысакІуэ хэм ещхьу. Ауэ Къэбэрдей тхакІуэхэр... адрей къэбэрдей тхакІуэхэр абы имыгъэгумэщІу пІэрэт?.. Хьэмэрэ псори апхуэдизу къэрабгъэу дыкъыщІидзат?

Пасэрей адыгэм «напэм и пэ псэр ихуэ» жыхуаІар занщІэу яфІэкІуэдауэ пІэрэт? Апхуэдэпсэр хамэпсэкІэ яхъуэжауэ пІэрэт? Хьэмэрэ Нало Жансэхъу зытекІуэдар апхуэдэ гуэру пІэрэт? ПІэрэ, пІэрэ, пІэрэ... Шэджыхьэщіэ Пщыкъанщэ? Борыкъуей ТІутІэ-щэ? Махъсидэ Залымхъан-щэ? Къуэжей Сосрыкъуэ-щэ?.. Адрей къомыр-щэ? Я нэхъ щэджащэу Къатхъэн Назир иужькІэ яукІа, Іуэм ирагъэлІыхьа къомыр зылъэгъуа лъэпкъыр «уи щхьэ-си щхьэ нэхърэ - си щхьэ гуэр», - жиІэу умэзэха?.. Си фІэщ хъуркъым. Си фІэщ хъуну сыхуейкъым.

30 гъэхэм адыгэпсэм хьэзабу ирагъэшэчар зэи щыгъупщакъым Къылышбийм. Ар гуІэгъуэшхуэу лъэпкъым ялъэгъуам усакІуэпсэр игъэгумэщІу, ар усэкІэ игъэву лІэжыху псэуащ. А гурыгъум гупсысэ-сюжету зиукъуэдийуэрэ усэ хьэлэмэ тхэм купщІэу хэ тІысхьэрт, нэгъуэщІхэм макъамэу къахэІукІырт («Щхьэ зэрапхъуа?» «ЛІэныгъэ», «ТхьэІущхэр», «Іиман», «Дигу дыгъэр зэ мыхъуу гуащІэ...», «Зыри тлъэмыкІыуэ...», «Дэ пщІыхьу щІым дыкъытехьащ...», нэгъуэщІхэри. Мы Іэрамэм усэ нэхъ гуащІэу яхэтыр «ЛІэныгъэращ», Зи гугъу тщІа гупсысэ сюжетыр иукъуэдийуэ къожьэ мы усэр: «Къалмыкъым и зэманыгъуэр» «гъаблейм и гъэ Іей мыгъуэу», «ЦІыхуфІхэм я унэхъугъуэу», «джыдэкІэ цІыхухэр щаІущІ», «судыншэу я щхьэр щыпаупщІ» лъэхъэнэу къыхощ сюжетым. Ар егъэлеяуэ фи мыгугъэ: зэтрауклэр пщы-уэркъым е хужьыдзэм хэтахэм я закъуэтэкъым - молэхэри, щІэныгъэ зиІэхэри, зи гуащІэкІэ мылъку зэзыгъэпэщахэри, къулыкъу зиІахэри, революционерхэри, цІыху къызэрыгуэкІхэри, бэлъшэвич пашэхэри зэтраукІэрт, шынагъэкІэ тепщэгъуэр яІыгъын щхьэкІэ. Абы къыхэкІыу Къалмыкъымрэ Ткаченкэрэ цІыхумрэ цІыхугъэмрэ я бийуэ къегъэлъагъуэ усакІуэм... Апхуэдэ сюжетыр политикэ егъэлеяуэ къызыщыхъуни щыІэнщ: социалист реализмэм гущыкІ ищІащ литературэр зрагъэтхьэлэу щыта политикэ залымыр. Мы усэм и политикэр абы щІыщымыщыр, Іужажэ гупсысэкІэ мыхъу у, гу зэвэгъуэм, шынагъуэм къалъхуа макъамэщи, залымыгъэм ебий, едауэ гупсысэщи аращ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр сыт щыгъуи игъуэу щытынущ. Мыр усэ пэжщ.

УсакІуэм и гур иуда зэпыту, ду нейр фІэмыІэфІыжу гъащІэр ихьауэ къытщремыхъу: абы ныбжьэгъуфІи иІащ, и лэжьыгъэри ягъэлъапІэу щытащ, езыр музыкэм итхьэкъуарэ зы концерти блимыгъэкІыу псэуащ, зыми химылъхьэ Ф. Тютчев, А.ф. Фе т, А. Блок сымэ «уэршэрэгъу къыхуэхъуащ». Езым и усэхэр къыщехъулІэкІи мыгуфІэу къэнэнт - цІыхур дунейм тетых укІэ, и гурыгъури и гурыфІри щІыгъущ. Аращ Исмэхьил и гугъэр кІуэдми, къигъуэтыжу щІыщытар:

Дыгъэ къухьэгъуэм
ущымышынэ,
Дыгъэр щІэрыщІэу
къыпхуэкІуэжынщ.
Гугъэ кІуэдыгъу эм лІыгъэ
хыумынэ,
Гугъэр вагъуэщІэу
къэлыдыжынщ.
Дыгъэ гумащІэм
Дигу щІэращІэм
Зэ куэдщ жимыІэ.
(«Дунейм уэ уеныкъуэкъукІэ...»)

Къылышбий Исмэхьил зи усакІуэу щытар лІэныгъэракъым - гъащІэращ.

Къылышбийм, и усэхэм нэмыщІу, поэмитху къыщІэнащ щитха гъэхэр мыбелджылыуэ (абыхэм ящыщу тІур цІэфІэмыщу къэнати, дэ скобкэ плІимэм дэту цІэ яхуэдгъэуващ): «Дэнэ фэ фыкІуэдыжа?», «ПщІыхь», «Хэт а зыгуэрыр?», «Нэрымылъагъу», «Чэзууншэу псэур догъеиж». Дэ, къэбэрдей тхылъеджэхэр, дызэсар фабулэ укъуэдияуэ гъэпса поэмэ лІэужьыгъуэрщ. Исмэхьил ейхэр фабулэншэу, лирикэу гъэпса защІэщ, «... лирикэ усыгъэм и курыкупсэм итын хуейр усыгъэр зыгъэпс субъект ІупщІращ, усакІуэрщ, аращ лирикэ усыгъэм купщІэ нэс ху эхъур»,- жи Гегель Георг. А щІыкІэм т ету гъэпсащ зи гугъу тщІы поэмэхэр: псэуныгъэмрэ лІэныгъэмрэ, цІыхум и натІэм кърихам зыри зэрыпэмылъэщым, лІэныгъэм и шынагъуэмрэ гъащІэм зэрыгупыкІыгъуеймрэ теухуауэ усакІуэм игу къихьэ гупсысэ-гурыгъухэращ купщІэ яхуэхъур.

Нэхъапэм дэ апхуэдэ усыгъэ тхыуи къытеддзэуи ядэу щытакъым. Псори дыоптимистын хуейт. АрщхьэкІэ ущыцІыхукІэ умыщыгъуэуи, дуней гузэвэгъуэхэм уримынэщхъейуи хъуркъым: гуфІэ фІэкІа гуІэ зымыгъэвым и псэр пхэнж, къулейсыз мэ хъу.

Псэуныгъэмрэ лІэныгъэмрэ псэм зэримыщтэм теухуащ «Хэт а зыгуэрыр?», «Нэрымылъагъу» жыхуиІэ поэмэхэри. Поэмитхуми яукъуэдийр а темэм и ныбжь зырызщ. Ко лхоз псэукІэм, коммунизмэр ухуэным, лІыгъэ щІэным теухуа литературэм еса дэ мы темэ нэщхъейр къэщтэгъуафІэ тщымыхъуи Іуэхум хэбдз эхунукъым. ЛІыгъэ щІэным къимыхьа лІэныгъэр щхьэж и щхьэ Іу эх уу, мыдрейхэм я дежкІэ ар мыгъэщІэгъуэну, темэ жьгъейуэ, псэ укІэщІэр ухуэным зэран хуэхъуу къыджаІэрт. Иджы социалмэм и лъэхъур щрахыжакІэ, дэ зы теми хьэрэм щІэ тщІын щыІэкъым. Дунейпсо литературэм и тхакІуэгупсысакІуэ щэджащэхэр ебакъуэу щытакъым абы: щхьэж и псэм зэригъэкъабылу иукъуэдийрт. Дэри абы дыщІелъэпэу эн щыІэкъым. ЖыпІэ хъунущ, Къылышбийм гулъытэ куэдыІуэ а Іуэхум хуищІу щытауэ, итІани а темэм бгъэдэмыхьа дэ къыдгурыІуэжыну и чэзущ литературэр цІыхум и псэр зыдж щІэныгъэ лъэщу зэрыщытыр. Ар пэжмэ, Къылышбийм и поэмэхэри и усэхэри цІыхупсэм теухуа дэфтэрщ, пцІы зыхэмылъыж документщ.

НАЛО Заур.

Іуэдыщэ

Іуэдыщэ и зы щыгу лъагэм,
Зы щихушх уэ екІуу къыщыкІт,
Къудану щІэращІэ дахэм,
Дуней псори къыщыгу фІыкІт.

Пшэ нэхууэ и данэ щхьэцхэр,
Мазэ нэхухэм къых урижьэкІт,
И бгъафэу щабэ къауцхэм,
Дыгъэ бзийхэм зыкърашэкІт.

Зэм-зэмуэ къыщІэж и псынэм,
Гу лъахэр къагъэ хъужыфт,
Хъаныжьхэр еша-елІахэмэ,
И ныбжь жьауэм
къыще тІысэхт.

И щхьэхэр уафэгурти,
Пшэ хужьх эр и чэсей хъархэт,
Бгъащхъуэжьхэр и унэрысти,
Сысамэ, зэкІэлъыпхъэрх эрт.

Жэщ кууэ зызэщІиуфІыцІэмэ,
Іуэдыщэ ныбжьыр тридзэрт,
ИфІэщгуэ зиутхыпщІамэ,
И жьыбгъэм дунейр зэридзэрт.

Къудан щихур тхьэщІасэ бынти,
ФІыгъуэ инхэр къыхуридзыхт;
Ауэ щыкІыр насып укІыжти,
Уафэ дыщэр бийуэ къыхихт.

Уафэжьу лей хуэмыгъэгъур,
ЩыблэшэжькІэ хуабжьу
къыхуилът,
«Уей-уей» мыгъуэм дунейр
дигъагъыу,
Бгы псыгъуэр
къызэфІищІыкІт.

НобэкІэ Іуэдыщэ щыгум,
Зы щиху тхышэ щопэзэзэх,
Вындыжьуэ къуагъыдзэ гупым,
Хьэдэ гъыбзэр къраусэх.

Зы зэман щауэ пылъахэри
ГъуэгурыкІуэуи
къыхуемыплъэкІ,
ПІащІабзэу щхьэц къетхъухахэр,
Зы Іэ мыгъуи хуримыжьэкІ.

И нэхэр ныкъуэс-ныкъуэфщи,
Нэбзийхэр щІэмыджэгуэж,
Щхьэ мыгъуэр бгы къеухынщи,
Удз закъуи къыщІэмыкІыж.

Зэзэмызэ тобэ къеІыхгуэ
ТхьэІуху дхэр къыщотІысэх,
АрщхьэкІэ зий зэхимыхыу,
ЛІыжь тхышэр йопэзэзэх.

Сэтэней и уэрэд

Си псэр зейм
Сыримей,
Сэ сызейм
Сыхуэмей!
Жэщым сэ сымыжей,
Махуэ къэс сынэщхъейщ.
Хэплъэ Іейм среуд,
БампІэм гур зэгуеуд.
Сызыхуейр
Къысхуэмей,
Сэ къысхуейм
Сыхуэмей!
Насып бзур пІэщІэкІам,
ЩыІэ ар къезыгъэзэн?
Гугъэр уэ быукІам
Уэ хэт къоІэзэн?
Сэ къысхуейм
Сыхуэмей,
Сызыхуейр
Къысхуэмей!
ЩІалэ сэ сызымыдар,
Си гум зэ къысхуимыкІ,
ЩІалэ Іэр сэ зэстар
Узу сэ къызофыкІ.
Си псэр зейр
Си пагэгъущ,
Сэ сызейр
Си мыфэгъу!
Пшынэм макъ имыІэж,
Зы уэрэд жимыІэж.
Си дахагъэр пачащ,
Нэху щыгъэр блэкІащ.
Сызыхуейм
И гур мылщ,
Сэ къысхуейр
Си узылщ!
Пэжым сэ сеукІыж,
Гу ауэр гум темыкІыж.
Мыгъуэ мэхъу Сэтэней,
Мэунэхъу Сэтэней.
Си псэр зейм
Сыримей,
Сэ сызейм
Сыхуэмей!

Шынэ

Нобэ щІы гъуэгум
Дытемыхуэж,
Нобэ щхьуантІэшхуэ уэгум
ДыщІэмыхуэж.
Уафащхьэм щесу
Шыхэр ягъасэ,
ЦІыхур зэрынэсу
Мазэр хъуащ Іэсэ.
Жиным нэхъ Іейр
КъагъэушаІэ,
Емынэм нэхъ Іейр
ЩІылъэм кърашаІэ!
Иджы жиныр хуиту
ЩІылъэм щызокІуэ,
Дышынэ зэпыту,
Ди гъащІэр макІуэ.
Жагъуэ жин ныбжьыр
КъыдбгъэдэмыкІ,
Уз ажалыжьыр
Дигум имыкІ.
Дэндеи атом шынагъуэм
Псэхэр ехуз,
Иджыри Херасим мыгъуэм
Гухэр щІоу з.
Иджыри а бзаджэ Іуэхур
Зым щымыгъупща!
Иджыри а дыдж нэпс нэкІур
Зэ мыгъуэща!
ЦІыху Іейхэм щощтэ
Ди напэншагъэр,
Джатэ къэзымыщтэр
Ди лІыгъэншагъэрщ.
Дяужь къиувэм
Сыт къытхуаусын -
ЦІыху абрэмывэм
Хуэдэ зы сын?
Хуэму мэуфІынкІ
Ди насып дыгъэр,
Шынэм щІеуфІыцІ
Ди псэм и тхыгъэр.
ЦІыху Іейхэр хуиту
ЩІылъэм щызокІуэ.
Дышынэ зэпыту
Ди гъащІэр слІо щІэкІуэр!

Гугъэр къэкІуэжащ

ЩІымахуэ мазэми
Уэс щІым темылъ.
Дыгъэм зиІэжьэми,
ГуащІэу къыдоплъ.

Уафэ щхъу антІабзэм
Насып къеІуэх у,
Махуэ хуабабзэм
Псэр къегъэнэху.

Дуней фалъэм
ФІыгъуэр къыпож,
Іейуэ гу хэплъэм
Гугъэр къокІуэж.
Аргуэру гъащІэм
Гур щогуфІыкІ,
И фадэ гуащІэм
И чэф къызофыкІ.

ЛІэныгъэ

Къалмыкъым и зэманыгъуэм,
Гъаблейм и гъэ Іей мыгъ уэм,
Къэбэрдейм лъыхэр щагъажэрт.
Къалмыкъым зыхуейр
ищІэжырт.
ЦІыхуфІхэм я унэхъугъуэм
Къэбэрдейм и дахэ губгъуэм,
Хей лъыпсыр зэпымыча,
Мыд Хьэбас хэт ІэщІэкІа?

Къалмыкъыр нэхъри яІэтыр т.
Ткаченкэ емынэ иІэтыр т.
ТхьэмыщкІэр
Унэм къыщІашырт,
ТхьэмыщкІэр
ПщІантІэм дашырт.

ДжыдэкІэ цІыхур яІущІырт,
Судыншэу и щхьэр паупщІырт...

Къалмыкъым и зэманыгъуэм,
ЦІыхуфІхэм я кІуэдыжыгъуэм,
Хы ФІыцІэу лъыпсыр
къежэхырт,
ЦІыхуфІх эм сэлам зэрахыжырт,
Зырызуэ
Дунейм ехыжырт,
Зырызуэ
ФІыгъуэ кІу эдыжырт.
Къалмыкъыр нэхъри
Мэбагъуэ,
Бзаджэр нэхъри
Мэбагъуэ.

* * *

Дэ пщІыхьу
Дунейм дыкъытехьащ,
Дэ бахъэу
ЩІылъэм дытекІыжащ.
ЩІым дыщыІа?
Зыгуэр жытІа?

ЩІым зы удз лъакъуэ
Темына,
Лъэужь закъуэ
Къэмына.

ПщІыхьым дэ дыхэмыкІа.
ПщІыхьым дыщІэмыкІа.

Блокадэ тхылъым дыкъоджэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Фильмыр къызэрыщыхъуам теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и фондым, «Налшык» НОТР-м я унафэщI, кинорежиссер **Вэрокъуэ Владимир**.

- Сэ сытеукIытыхьыркъым уи нэгум сиплъэу узэрыцIыху щэджащэр иджыри зэ бжесIэну, - жиIащ Вэрокъуэм. - Уэ уи «Русский ковчег» фильмым сыщеплъам къызита гурыщIэхэм нэхърэ нэхъ гуащIэжщ нобэрейм къыхэсхар. Ар центральнэ каналхэм къагъэлъэгъуэн зэрамыдэм сызэгуигъэпащи, иризгъэщIэгъуэну псалъэ къысхуэгъуэтыркъым. Нобэ къызэхуэсахэм къыздаIыгъмэ, сыхуейт КъБКъУ-м щеджэ щIалэгъуалэм, жылагъуэми ветеранхэми къабгъэдэкI лъэIу тхыгъэкIэ УФ-м и Президентым зыхуэдгъэзэну, «Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» фильмыр къыщагъэлъэгъуэн зэман каналхэм къагъуэтыфыным и псалъэ хилъхьэну. Уегупсысмэ, хьэдэгъуэдахэщ! ПщэдджыжьыIм щегъэжьауэ жэщыр хэкIуэтэху къэхъукъащIэ шынагъуэхэм, лIыукIхэмрэ хъунщIакIуэхэмрэ зэхащIыхьахэм, нэгъуэщI хьэлэбэлыкъхэм, зэпэзэрылъэ хъуа «Школа» фильмыр, цIыху акъылыр зыгъэутхъуэ нэгъуэщI теплъэгъуэ къомыр канал псомкIи къатыну зэман ягъуэт, узыщIэзыгъэгупсысыж, блэкIам ухэзыгъаплъэ, къэкIуэнум ухуэзущий, щIэныгъэрэ акъылрэ къозыт нэтынхэр зырызыххэщ...

Вэрокъуэм къыхилъхьар къызэхуэсахэм зэдэарэзыуэ къэзэдащта нэужь, къэпсэлъапIэр студентхэм хуит хуащIащ. Ахэр зыщIэупщIахэм жэуап щритым, Сокуров Александр ди щэнхабзэм зегъэужьыным, ныбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIымрэ къэухьымрэ хэгъэхъуэным, гу зылъытапхъэ нэгъуэщI куэдми теухуа гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр къиIуэтащ.

- «Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» фильмымкIэ ди тхыдэм и напэкIуэцI гуузхэм ящыщ зым и тепхъуэр мащIэу тетIэтыкIауэ аращ, - жиIащ Сокуровым. - ЩIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зэи лъэпкъым «епцIыжакъым», ахэр зыбгъэдэлъ цIыхуращ ипэкIэ кIуатэри, хэкIыпIэ къэзыгъуэтри, сэбэп зыхэлъ Iуэхухэр зылэжьыфри. Апхуэдэхэрщ лъэпкъым и къэкIуэнумкIэ жэуап зыхьри. Си дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ нобэ къызэхуэсахэм нэхъыжьыIуи щIалэгъуали зэрыхэтым. Сэ сщIэну сыхуейщ си лэжьыгъэр, си IэрыкIыр фэ фи ныбжьым итхэм, къэкIуэнур зейхэм къазэрыщыхъур. ЦIыхур цIыхущ зыхуейр. НэгъуэщIкъым. Аращ си фильмхэм гупсысэ нэхъыщхьэ сыт щыгъуи хуэхъур. Ар зыхащIыкIыну сыхуейщ къыдэкIуэтей щIэблэми.

Сокуров Александр и фильмхэр Налшык мызэмытIэу зэрыщагъэлъэгъуар, езыри щIэх-щIэхыурэ къызэрытхуеблагъэр дызэригуапэр, иджырей фильмыщIэм и «лъэтеувэр» ди деж зэрыщищIымкIэ фIыщIэ зэрыхуащIыр, дяпэкIэ трихынухэр утыку къыщрихьэкIэ нэхъапэ дэ къытхуишэну зэрыщыгугъыр къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщам и жэуапу кинорежиссерым жиIащ:

- Iуэхур къызэрекIуэкIам и пэжыпIэ дыдэр жыпIэнумэ, «Александра» фильмым и лъэтеувэр Налшык щекIуэкIынымкIэ, нэгъуэщI фильмхэри щыдгъэлъэгъуэнымкIэ фIыщIэр зейр Сэралъп Альбертрэ щIыпIэ унафэщIхэмрэщ. Ауэ абыхэм щIэупщIэшхуэ яIауэ, къытедгъэзэжыну щIэлъэIуу, зымылъэгъуахэм ялъагъуну хуейуэ джэрпэджэж зэхэтхыжакъым. Апхуэдэу щытми, си фильмхэр Налшык щызгъэлъэгъуэну Iэмал къызэрызатыр сэ сыт щыгъуи си гуапэщ. Мы зэманым дызэлэжь «Фауст» фильмри, къызэхъулIэмэ, къыфхуэсшэнщ. Ауэ фыхуейуэ пIэрэ фэ абы, пщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъуфIхэ?! Хуэхьэзыру пIэрэ абы фи жылагъуэр? Фегупсысыт фи щIыналъэм щекIуэкI Iуэхухэм, фи щэнхабзэр, гъуазджэр, егъэджэныгъэр зыIутым, къыдэкIуэтей щIэблэр дэзыхьэхэм. Фэ фымыщIэ сэ вдэслъэгъуауэ аракъым, фэ зыдэфлъагъужыну сыхуейуэ аращ. Иджыри зэ фIыщIэ фхузощI сыкъызэревгъэблагъэм папщIэ, ауэ сыхуейт апхуэдэхэм деж къалэшхуэхэм щыщ цIыху цIэрыIуэ гуэр вгъэхьэщIэ къудей мыхъуу, фи жылагъуэ зэхэщIыкIым зезыгъэужьын, зыгуэркIэ нэхъ мыхъуми къыфхуэщхьэпэн щэнхабзэ къэхъукъащIэу ди зэIущIэхэр къыфхущIэкIыну. Апхуэдэ зэIущIэхэр узыфIэмыкIыжын телъыджэ гуэру къыфщымыхъуу, махуэ къэс Iуэхугъуэ къызэрыгуэкIыу къэфлъытэу хъуа нэужь, мис итIанэ жыфIэхэр зэхэсхыну, дунейпсо щэнхабзэ лъагэкIэ зэджэм фызэрытепсэлъыхьыр, абы фыкъызэрыщхьэщыжыр сщIэну сыхуейт. Ауэ дызэвгъэупщIыжи, хуэхьэзыру пIэрэ абы мы щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр? Езым я лъэпкъ щэнхабзэ лъапIэныгъэхэм гурэ псэкIэ етауэ пIэрэ? АдыгэбзэкIэ зэпымыууэ лажьэ радиостанц къудей фиIэкъым фэ, сыт абы иужькIэ узытепсэлъыхьыжынур? Илъэс етIуанэ хъуауэ а Iуэхум сыщIоупщIэри, иджыри къыздэсым зыми зихъуэжакъым. Абы къыдэкIуэуи шэч къытесхьэркъым, Iуэхур здэщыIэр мылъкур зэрыармырам.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **КIыщ Мухьэдин**, Зауэм хэтахэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэу Налшык къалэ щыIэм и унафэщI **Абдулаев Мустафа**, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Сокъур Жамболэт** сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Блокадэ тхылъым дыкъоджэ» фильмым къищынэмыщIа, къызэхуэсахэр ирагъэплъащ дакъикъэ щырыщу зэхэт нэгъуэщI теплъэгъуэ кIэщIхэм, «Санкт-Петербург. ЗэхэкъутэныгъэхэрI къызэрыхъар» зыфIаща фильмым. Ахэр теухуат а къалэм и теплъэр езыгъэкIакIуэ ухуэныгъэщIэхэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

●Фыкъеблагъэ

Къэрмокъуэ Мухьэмэд и пшыхь

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министерствэм, ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ», «Советская молодёжь» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур» журналхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом я редакцэхэм фрагъэблагъэ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьым.

Ар ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмтеатрым мазаем и 19-м сыхьэт 18-м щIидзэу екIуэкIынущ.

Уахътыншэ

Урысейм е хьэжьауэ щагъэлъэпIащ дунейпсо литературэм и классик Чехов Антон Павел и къуэр къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрырикъур. Абы и IэдакъэщIэкI телъыджэхэр зэи мыкIуэдыжынущ. Урысей литературэм и курыхщ тхакIуэшхуэм и рассказ, повесть, пьесэ хьэлэмэтхэр. ФIэщхъугъуейщ абы и тхыгъэ гъуэзэджэхэм: «Тафэ» повестым, «ГубампIэ», «ФэзэхъуэкI», «Гъумымрэ псыгъуэмрэ», «ШыунэцIэ», «Унтер Пришибеев», «Хиругие», «БзаджащIэ» рассказ цIыкIухэм ху эдэхэм, «Хы тхьэрыкъуэ», «Дядя Ваня», «Зэшыпхъуищ», «Балий хадэ» пьесэхэм щымыгъуазэ тхылъ фIыуэ зылъагъухэм яхэту. ТхакIуэ цIэрыIуэр дунейм зэрехыжрэ илъэсищэм щIигъуами, и пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр зы гъи къэмынэу щагъэлъагъуэ ди хэкуми хамэ къэрал зыбжанэми.

ЧЕХОВЫМ урысей литературэм лъагъуэщIэ зэрыщыпхишам, и IэдакъэщIэкIхэр зэрыкуум, зэрытелъыджэм, абыхэм я мыхьэнэм, къигъэщIа образ гъуэзэджэхэм кIыхьу утепсэлъыхьыфынущ. Ауэ абы нэхърэ нэхъ тфIэкъабылщ, газетеджэми нэхъ гъэщIэгъуэн щыхъуну къытфIощI, и къекIуэкIыкIам, и дуней тетыкIам, и хьэл-щэным, и цIыхугъэхэм зэрахущытам, и творчествэм теухуауэ жаIахэм, и письмохэм дыкъытеувыIэмэ.

ТхакIуэшхуэр къыщалъхуар Таганрог къалэрщ. И ныбжь щынэсым щIалэ цIыкIур гимназием щIагъэтIысхьащ. Ауэ еджапIэри егъэджакIуэхэри гунэс щыхъуртэкъым абы. Арауэ къыщIэкIынщ географиемрэ есэпымкIэ экзаменхэр хуэмыту ныбжьыщIэр 3-нэ классым къыщIыхэнэжари. 5-нэ классми, ещхьыркъабзэу, илъэситIкIэ щIэсын хуей хъуащ алыджыбзэр къыху эмыгъэIурыщIэу. Сытми, гимназиер къызэренэкIри, щIалэщIэр якIэлъокIуэ Мэзкуу Iэпхъуэжа я унагъуэм.

А лъэхъэнэрщ, илъэс 15-м щит зэманырщ, Чеховым къалэмыр къыщищтар. Абы и Iэрытххэр япэу зригъэлъэгъуари, абы ящыщ гуэрхэр къытрадзэнымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуари и шынэхьыжь Александрщ. Ар езыр тхэрт, и рассказхэри журналхэм зэзэмызэ къытеху эрт.

Мэзкуу Iэпхъуа нэужь, Чеховыр щIотIысхьэ университетым икIи дохутыр IэщIагъэм хуеджэу щIедзэ. Абы щыщIэса зэманым къриубыдэу тхэным гу хуэзыщIа щIалэщIэм рассказ цIыкIу куэд итхащ икIи журналхэм къытрыригъэдзащ. Псом хуэмыдэу Петербург къыщыдэкI «Стрекозам». 1880 гъэм рассказ цIыкIуибгъущ журналхэм къытехуар. Ауэ 1883 гъэм ар 100-м щIигъуащ. А лъэхъэнэхэм абы зилъытэжыртэкъым тхакIуэу. ГъащIэм ирихулIэри къалэмыр къищтэн хуей хъуат: абы я унагъуэшхуэм яIэтэкъым зыхэпсэукIын мылъку. Махуэ къэс жыхуиIэм ещхьу и IэдакъэщIэкI рассказ цIыкIухэм ахъшэ хъарзынэ къапэкIуэрт.

ЖыIапхъэщ Чеховыр зытеува гъуэгур удз гъэгъакIэ къэгъэтIылъыхьауэ зэрыщымытар. Абы и зы щыхьэтщ «Стрекоза» журналым абы и тхыгъэхэм теухуауэ къытрадзар: « Умыгъагъэ щIыкIэ уохуэлэж. Ар ди жагъуэ мэхъу. Апхуэдэу уи Iуэхум убгъэдыхьэ хъунукъым».

Мазэ зыбжанэкIэ тхакIуэм къалэмыр къищтакъым. Ауэ иужьым и гур къеныкъуэкъуу хуежьэри тхэн щIидзэжащ.

1884 гъэм еджапIэ нэхъыщхьэр къеухри, Чеховым дохутыру лэжьэн щыщIедзэ Мэзкуу куейм щыIэ сымаджэщхэм ящыщ зым. А гъэ дыдэм дунейм къытохьэ абы и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса япэ тхылъыр - «Мельпоменэ и таурыхъхэр» зыфIищар. ИтIанэщ абы къыщыгурыIуар литературэр зэрымыIуэху джэгур. «Иджыри къэс сэ литературэр къизмыдзэу, хуабжьу Iэхъуэт егъэкIыу сыбгъэдэтащ,- дыкъыщоджэ а лъэхъэнэм псэуа тхакIуэ цIэрыIуэ Григоровичым хуитха письмом,- сэ сщIэркъым зы жэщ-махуэ нэхъыбэ зытезгъэкIуэда рассказ сиIэу».

Япэ зэманхэм Чеховым и Iэдакъэ щIэкIар зэрыщыту гушыIэ, ауанышI тхыгъэ цIыкIухэрщ. Ауэ цIыхур бгъэдыхьэшх, ауан пщIы къудейкIэ литературэм узэрыхэмызэгъэнур къыгурыIуэри, абы и рассказхэм щIагъыбзэ куу ящIилъхьащ, гъащIэм хэлъ, цIыхум ядилъагъу мыхъумыщIагъэ псори сэтей къищIу.

Урыс литературэм, Гоголь, Пушкин, Тургенев, Толстой сымэ щыпхаша гъуэгум пызыщэн тхакIуэ хьэлэмэт къызэрыунэхуар наIуэ щыхъуар «Тафэ» повесть цIыкIур дунейм къытехьа нэужьщ. Iэзагъышхуэ хэлъу, пыплъхьэни пыпхыни щымыIэу, Чеховым абы кууу э къыщигъэлъэгъуащ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэр, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ цIыхупсэмрэ зэгуэхыпIэ ямыIэу налъэ минхэмкIэ зэрызэхэухуэнар, зыхэпсэухь зэманым и шыфэлIыфэри сэтей къыщищIащ. Абы иужькIэ тхакIуэм къытракIутащ письмо Iэджэ. «Сэ повестым зэ къэщтэгъуэу сыкъеджащ,- къыхуетх абы усакIуэ Плещеевым. - ЩIэздзэри сыухыху згъэтIылъыфакъым. Короленки сэщхьыркъабзэу дихьэхыу еджащ. Ар зыкIэ гъуэзэджэщи, абы щIэлъ поэзиер апхуэдизкIэ куущи, телъыджэлажьэ зэрысщыхъуам фIэкI дагъуэ лъэпкъ хуэсщIыфынукъым». Григорово чи мыпху эдэ у къыхуитхауэ щытащ Чеховым: «Нобэ щыIэ тхакIуэхэм уакъых эщхьэхукIыу, уэ зэчиишхуэ пхэлъщ…»

ТхакIуэр хьэщIэкIэ фIыт. Абы и унэм ку эд щызэблэкIырт. «Iэдж эм делагъэ у къащыхъуу къыщIэкIынт Чеховым и журмартагъыр,- етх усакIуэ цIэрыIуэ Чуковскэм. - Мо хуэмыщIауэ къэхъуар ерагъыу зэтеувэу х уежьа къ удейт. И адэ-анэри, и къуэшри, и шыпхъ ури зыпIыр арат. Къэунэхуну махуэм игъэкIуэдыну щай къыхуэмынэми, абы и унэм хьэщIэр щIэзт игъашхэу, тригъэууэ, еIэзэу».

Зи хьэлкIи, зи щэнкIи, зи дуней тетыкIэкIи зэмыщхь Iэджэм, ар ирецIыху къызэрыгуэкI, ирекъулыкъущIэ - махуэ къэс яхуэзэрт Чеховыр. Гъунэжу игъуэтыр т и творчес твэм лъабжьэ хуищIын Iуэхугъуи образи. Ауэ абыкIэ мыарэзыуэ, Урысейм, абы и цIыхубэм я псэукIэр зыхуэдэм нэхъ кууу э щыгъуазэ зищIын мурадкIэ, ар 1890 гъэм тоувэ гъуэгуанэ. Абы зыкъом щIауэ и нэ къикIырт пащтыхь властым и дзыхь зримыгъэзхэр здишэ Сахалин хытIыгум кIуэну. А гъуэгуанэм тхакIуэм бэлыхьу щишэчам ущIэмыупщIэ. Здежьам зэрынэсу, махуэл димыхыу, унагъуэ къэсых ункIэ щIыхьэурэ я Iуэху зытетыр и нэкIэ зригъэлъэгъуащ, хуитыныгъэ лъэпкъ ямыIэу, тхьэмыщкIэ дыдэу зэрыпсэум щыхьэт техъуащ. А щIыпIэм зэрыщыIа мазищым къриубыдэу тхакIуэр яхуэзащ цIыху мини 10-м. Абы къикIыжри, куэд мыщIэу, и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Сахалин хытIыгур» зыфIища тхыгъэшхуэ. Ар дунейм къытехьа нэужь, лъэпкъ интеллигенцэр апхуэдизкIэ къызэщIиIэтати, правительствэм комиссэ къызэригъэпэщын хуей хъуащ Сахалин игъакIуэу тхакIуэм зи гугъу ищIа мыхъумыщIагъэхэр зэтес ищIыжыну и къалэну.

Чеховым и гъащIэр сыт и лъэныкъукIи гъэнщIауэ зэрыщытам и щыхьэтщ тхэным, дохутырыным къыдэкIуэу, абы цIыхубэм я сэбэп зыхэлъ Iуэху щхьэпэ куэд зэрызэфIигъэкIар. Я унагъуэр щыпсэуа Мелиховэ къалэ цIыкIум абы и жэрдэмкIэ щыхасащ жыг зэмылIэужьыгъуэ куэд, апхуэдэу абы фIыуэ илъагъу балиейуэ жыгыщIэ мин. И узыншагъэр зэрызэкIэлъымыкIуэм къыхэкIыу зэман куэд щихь Ялтэ къалэми, ещхьыркъабзэу, жыгыщIэ щэ бжыгъэхэр щигъэтIысащ. ТхакIуэм и саулыкъ укIэ яухуащ сымаджэщхэр, школхэр, библиотекэ, Кърымым биологие станц. Апхуэдэу тхылъ мин зыбжанэ зэхуихьэсри Сахалин иригъэшащ. «Щхьэж щыпсэу щIыпIэр игъэдэхэн щхьэкIэ хузэфIэкI псор илэжьу щытамэ, ди щIыналъэр сытым хуэдэу телъыджэ хъунут» - жриIэгъащ абы Горькэм.

ЦIыху къызэрыгу экIыу, и щхьэм пщIэ хуищIыжу, цIэрыIуэ хъуа нэужьи пагагъ лъэпкъ хэмылъу Чеховыр дунейм зэрытетам теухуауэ гукъэкIыж куэд къызэранэкIащ ар фIыуэ зыцIыхуу щытахэм. Режиссер цIэрыIуэ Станиславск эм етхыж: «Балий хадэ» спектаклым и репетицэ екIу экIынут. Актер хэр Чеховым елъэIуащ режиссерыр зыбгъэдэс стIолым бгъэдэтIысхьэну. АрщхьэкIэ идакъым, залым и кIэм кIуэри артистхэр зэрыджэгум еплъу щысащ».

«Абы и письмохэм, къэфщтэжи, феплъ,- жеIэ Чуковскэм. - Абыхэм зы сатыри зы псалъи щыбгъуэтынукъым и Iуэху дигъэкIын хьисэпкIэ зыгуэрым деж и щхьэр щигъэлъэхъшауэ е хуэIужжауэ... ИтIанэ ар сытым хуэдэу къэгубжьауэ щытат журнал гуэрым и авторхэр щытридзэм абы и цIэр зэрыб нэхъ инкIэ къыхагъэщхьэхукIауэ щилъагъуам».

Чеховым и хьэл-щэнри, и гупсысэри, и дуней тетыкIари наIуэ пщыхъунущ къыщIэна письмохэм, абыхэм я бжыгъэр мини 4,5-рэ мэхъу, щыгъуазэ зыпщIа нэужь. ГушыIэшхуэ зых элъ цIыхуу зэрыщытари абыхэм IупщIу уагъэ лъагъу. Пушкиным и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщамкIэ къехъуэхъу тхакIуэ гуэрым абы хуетхыж: «СщIэркъым ар къыщIызатар. Елыркъэш куэд къызэрызубыдарауэ къыщIэкIынщ». Т хакIуэ Билибиным хуигъэхьа письмом мыпхуэдэу щыжеIэ: «Iейуэ сынолъэIу, уи хъэтIым зыгу эр ещIэ. Уеблэмэ уи тхэкIэр сысейм нэхърэ нэхъ Iеижщ. Уи «к»-мрэ «з»-мрэ щхьэпылъэ пщIыну къалэжь». И ныбжьэгъуу, фIыуэ къэзылъагъуу щыта пщащэм, Мизиновэм, къыхуитха письмом жэуапу ире тыж: «Тэрэкъанымрэ гъуанэдэсымрэ ди куэдщ. Ахэр телъу бутерброд дощIри дошх. IэфIщ».

ТхакIуэ, драматург щэджащэм лъагъуныгъэр кIасэущ къыщыхуэкIуар, и ныбжьыр илъэс 40-м нэсауэщ. Абы и гур хьэщыкъ зыщIар и пьесэхэм щыджэгу артисткэ цIэрыIуэ Книппер Ольгэщ. Ар щхьэгъусэ щыхуэхъуар 1901 гъэрщ. Ауэ а тIур зэрызэдэпсэуар илъэсищ къудейщ, абы щыгъуэми и нэхъыбэм зэпэIэщIэу. Сымаджэрилэу щыта Чеховыр 1904 гъэм дунейм ехыжащ. Абы иужькIэ Книппер псэужащ илъэс 55-кIэ.

«Чеховыр прозэм щы-Пушкинщ» - жиIэгъауэ щытащ Лев Толстой. Зи Iэрытххэр мыхьэнэшхуэ зимыIэ зэрыджэгу хьэпшыпхэм езыгъэщхьу щыта тхакIуэшхуэм и тхыгъэхэр зэи мыулъиин жыру къыщIэкIащ. Сыту жыпIэмэ ахэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, сыт хуэдэ зэманми йокIу, цIыхубэр зэпымыуу э зыгъэпIейтей гупсысэхэм поджэж, литературэм и классик цIэрыIуэхэм зэрыжаIащи, абы и IэдакъэщIэкIхэм я лъащIэр куущ, уеджэхункIи щIэ гуэр къызэIубох.

МЫЗ Ахьмэд.

«Аннэ дэщIыгъуу»



«Балий хадэ»



«Дядя Ваня»

«Гъумымрэ псыгъуэмрэ»

«Зэшыпхъуищ»

«Унтер Пришибеев»

Сурэтхэр **Алимов С.** *ищIащ.*

Щоджэн Хъызыр Мэжид и къуэр

ПIАЛЪЭ кIэщIкIэ хьэлъэу сымэджа иужь и ныбжьыр илъэс 88-м иту 2010 гъэм мазаем и 11-м дунейм ехыжащ ди республикэмрэ Шэджэм куеймрэ хуабжьу щыцIэрыIуэ, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта, «Урысейм и цIыху нэхъыфIхэр» щIэнгъуазэ тхылъым зи цIэр иратха Щоджэн Хъызыр Мэжид и къуэр.

Щоджэн Хъ. М. 1922 гъэм накъыгъэм и 9-м Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуащ. Мыбы курыт школыр къыщиуха, Налшык щыIэ егъэджакIуэ курсхэм щIэныгъэ щызригъэгъуэта иужь 1939-1942 гъэхэм Къызбрун Ещанэ къуажэм пэщIэдзэ классхэр щригъэджащ.

1942 гъэм и пэщIэдзэм Щоджэн Хъызыр езым фIэфIу зэуапIэм Iухьащ. А зэманым къаруушхуэ ирахьэлIат Сталинград къалэр биим щахъумэным. 62-нэ армэ цIэрыIуэм хэту Щоджэн Хъызыр хахуэу нэмыцэ фашистхэм пэщIэтащ. Мыбдеж ар уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ.

И узыншагъэр зэфIагъэувэжа иужь, Щоджэныр Бэракъ Плъыжь орденыр зезыхьэ 242-нэ бгыфочауэ Тэман дивизэм, Ипщэ фронтым хэтым, хагъэхьащ. Абы лIыгъэшхуэ щызэрихьащ Къырымым - Сапун бгым, Симферополь, Севастополь къалэхэм я Iэщэлъашэхэм деж - щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм. Аргуэру уIэгъэ хьэлъэ ящIащ. Сымаджэщ нэужьым зауэм Iухьэжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм сакъыу щахъумэ Хъызыр-ныбжьыщIэм и комсомол билету биишэм пхриудар икIи абы и лъыр зытелъэдар.

Хэкум пщIэшхуэ хуищIащ Щоджэн Хъызыр зэрихьа лIыгъэм. Абы Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэм и орденым и япэ нагъыщэр, ЩIыхь орденым и етIуанэ нагъыщэр, медаль пщыкIутху къыхуагъэфэщащ, Дзэ унафэщI нэхъыщхьэ Сталин И. В. и фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэхьащ. Щоджэн Хъызыр тIэунейрэ ирагъэблэгъащ ТекIуэныгъэм и Параду Москва и Ут Плъыжьым щекIуэкIахэм.

Зауэ нэужьым Щоджэн Хъ. М. мамыр лэжьыгъэм пэрыувэжащ. Илъэси 3-кIэ ар къуажэ школым и егъэджакIуэу щытащ.

1952 гъэм Шэджэм Езанэм щыпсэухэм ар цIыхубэ депутатхэм я къуажэ Советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIу хахащ. Илъэс 30-кIэ - 1982 гъэм - пенсэм кIуэхукIэ ар и Iэтащхьэу щытащ Шэджэм куейм и къуажэ нэхъ инхэм ящыщ зым. Щоджэн Хъ. М. и унафэм щIэту къуажэр япэ щIыкIэ къалэ теплъэ зиIэ поселкэ, иужькIэ къалэ хъуащ.

Пенсэм кIуа иужькIэ Щоджэныр Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я ветеранхэм я район советым и унафэщIу лэжьащ, ар зи пашэ IэнатIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъыфIхэм ящыщу.

ЗэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ Щоджэн Хъызыр Шэджэм къалэм щIыхь зиIэ и цIыху цIэр фIащащ. Абы лэжьыгъэ IэнатIэми къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

КъэзыцIыхуу щыта псоми хуабжьу я жагъуэ хъуащ Щоджэн Хъызыр Мэжид и къуэр дунейм зэрехыжар. Абы и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи дигу илъынущ.

Ныбжьэгъу гуп.

●Футбол

Къумыкъум Красножан хегъащIэ

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» етIуанэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр къиухри Тыркум къикIыжащ.

КЪЕЖЬЭЖЫН и пэкIэ ди щIалэхэр яIущIащ Узбекистаным и чемпионатым жэз медалхэр нэгъабэ къыщызыхьа ди лъахэгъу Къумыкъу Виктор зи тренер нэхъыщхьэ «Насаф» командэм.

Джэгум и япэ Iыхьэр иухащ узбек футболистхэр 1:0-у текIуэу. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм лъэныкъуитIми я щIалэхэм ящыщ яхъуэжащ икIи налшыкдэсхэм зыхагъэхьэну зыкIэлъыплъ Миятович бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

Дауэ щытми, а махуэм Къумыкъу Виктор и гъэсэнхэр нэхъ лъэщу къыщIэкIащ. ЗэIущIэр иухыным дакъикъэ пщыкIутху фIэкIа имыIэжу абыхэм «Спартак-Налшыкыр» къыхэзыгъэщIа етIуанэ топыр дагъэкIыфащ.

Ди командэм хэту а махуэм джэгуащ: Мандрыкин, Хаташенков, Кисенков, Амисулашвили, Лазич, Щаницын, Фреди, Джатэрывэ, Гогуа, Ечхини, Миятович. ИужькIэ зэIущIэм хагъэхьащ Деяк, Филатовыр, Маляровыр, Бикмаевыр, Сирадзе сымэ.

Налшыкдэсхэм мазаем и 19 пщIондэ загъэпсэхунущ. Абы иужькIэ зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыным Испанием щыпащэнущ.

Отто, Александр, Никитэ, Стефан сымэ къытхохьэ

«Спартак-Налшыкым» футболистыщIэхэр зыхигъэхьэн щIидзащ.

ИЛЪЭСИЩКIЭ налшыкдэсхэм яхэтыну Iэ тридзащ Финляндием и командэ къыхэхам и гъуащхьэтет Фредрик сон Отто. Иужьрей лъэхъэнэм ар щыджэгуащ Норвегием и «Лиллерстрем» командэм.

Апхуэдиз дыдэ пIалъэкIэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ Екатеринбург и «Урал»-м и гъуащхьэ хъумэныкъуэ Щаницын Александррэ етIуанэ дивизионым щыджэгу «Нара-ШБФР»-м къыхаша Маляров Никитэрэ.

«Спартак-Налшыкым» и фащэр дызыхуэкIуэ илъэситIым щитIэгъэнущ серб щIалэщIэ Деяк Стефан. Щалъхуа къэралым и ныбжьыщIэ командэ къыхэхам хэ ту абы зэIущIэ 15 иригъэкIуэкIащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«ЕвразиещIэ» Фондыр дэзыIыгъ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я программэм зыми и унафэм щIэмыт щIыналъэ тедзапIэхэм я гъусэу редакторхэм я Дунейпсо зэхыхьэмрэ журналистхэм я Дунейпсо центрымрэ я жьауэм щIэту «ЩIыналъэ газет нэхъыфI 2009» 4-нэ Урысейпсо зэпеуэм хэтыну лэжьыгъэхэр мы махуэхэм къыIахащ.

●Зэпеуэхэр

Щхьэхуэу къыдагъэкIынущ

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хагъэхьэнущ нэгъабэ къытрадза тхыгъэхэр. Лэжьыгъэхэр къыщалъытэнущ «ЩIыналъэ газет нэхъыфI», «Хэзыгъэгъуазэ тхыгъэ нэхъыфI», «Журналист къэхутэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфI», «Газетеджэхэм нэхъыфIу ядэлажьэ», «Сурэт нэхъыфI», «Iуэху щхьэпэ нэхъыфI», «Редакцэм и тхыгъэ хэха нэхъыфI», «Сабийхэм я напэкIуэцI нэхъыфI», «ЩIалэгъуалэм я газет нэхъыфI» номинацэхэм.

Зэпеуэм кърикIуахэм теухуа конференц ирагъэкIуэкIынущ. Урысейм и щIыналъэ газетхэм нэгъабэ къытехуа тхыгъэхэм ящыщу нэхъыфIу къалъыта лэжьыгъэхэр тхылъ щхьэхуэу къыдагъэкIынущ. Конференцым хэтхэм хуагуэшынущ 2008 гъэм щIыналъэ СМИ-хэм къытрадза тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсахэр.

Мы Iуэхум теухуауэ фызыщIэупщIэнухэм я жэуапыр http//www bestnespaper. ru сайтым зэпкърыхауэ къыщывгъуэтынущ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Уэрдокъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2,3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.125 ●Заказ №400